WO’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI
BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI FAKULTETI

Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti dekani’:___________ f.i.k. Q.Turdi’baev
«_______»_______________2012-j.

5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n` 4-kurs studenti Akimniyazov Azamattin`

**«Sag’i’nbay İbragimov lirikasi’nda troplar ha’m figuralar» degen atamadag’i'**

# PİTKERİW QA’NİGELİK JUMI’SI’

Jaqlawg’a ruxsat berildi

Qaraqalpaq a’debiyati’ teoriyasi ha`m oqi’tiw metodikasi’ kafedrasi’ basli’g’i' f.i.k.,doc. Q.Yusupov ________

«_______»_____________2012 j.

İlimiy basshi’: f.i.k.doc. B.Genjemuratov
______________________

**No’kis – 2012 j.**

**JAQLAWG’A RUXSAT BERILDI:**

Qaraqalpaq filologiyasi’
fakulteti dekani’: f.i.k.doc. Q.Turdi’baev

Kafedra basli’g’i': f.i.k.,doc. Q.Yusupov

İlimiy basshi’: f.i.k.doc. B.Genjemuratov

**Ma’mleketlik Attestatsiya Komissiyasi’ni’n’**

**QARARI’:**

5220100- Qaraqalpaq filologiyasi’ Qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ qa’nigeligi bakalavr bag`dari’ni’n’ pitkeriwshisi Akimniyazov Azamattin`«Sag’i’nbay İbragimov lirikasi’nda troplar ha’m figuralar» atamasi’ndag`i' pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na

«_________» ball qoyi’lsi’n.

**MAK basli’g’i’: _____________**

_________________________

**MAK ori’nbasari’ _____________**

________________________

**MAK ag`zalari’:**

# JOBASI':

**Kirisiw** ........................................................... 3

**I-bap. S. İbragimov lirikasi'nda ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' qollani'li'wi'**.

I-1. Troplar ha'm oni'n' teoriyali'q tiykarlari'..................... 8

I-2. S. İbragimov lirikasi'nda ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' obraz jasawdag'i' a'hmiyeti............................ 16

**II-bap. S. İbragimov lirikasi'nda ko'rkem su'wretlew usi'llari' ha'm oni'n' ko'rkem teksttegi a'hmiyeti**

II-1. Ko'rkem su'wretlew usi'llari' ha'm oni'n' qosi'qtag'i' ko'rkemlik xi'zmeti.......................................................... 30

II-2. S. İbragimov lirikasi'nda ko'rkem figuralardi'n' mazmung'a qatnasi'......................................................... 38

II-3. S. İbragimov lirikasi'nda figuralardi'n' qosi'q quri'li'si'n sho'lkemlestiriwdegi a'hmiyeti......................................... 51

**Juwmaq.** ......................................................... 60

**Paydalani'lg'an a'debiyatlar** .................................... 63

## Kirisiw

**Temani’n’ aktualli’g’i’**: ha’r qanday miynet sanami’zdi’ oyatadi’, sanami’z jumi’s ta’jiriybesin so’zge aylandi’radi’, onnan ideyalar, gipotezalar teoriyasi’n payda yetedi… jazi’wshi’ni’n’ isinde tiykarg’i’ material so’z boli’p, wol ba’rshe faktlerdin’, ba’rshe pikirlerdin’ «kiyimi» boli’p yesaplanadi’. Biraq ha’r bir fakt tiykari’nda sotsialli’q ma’ni bar, ha’r bir ma’ni tiykari’nda bolsa bir yaki yekinshi pikir nege bunday, nege wonday yemes, degen sorawlar bar… klassikler ju’z ji’l dawami’nda a’ste-aqi’ri’n islengen a’ne sonday tilde jazg’an haqi’yqi’y a’debiy til usi’ boli’p yesaplanadi’ jazg’an degen yedi rus a’debiyati’ni’n’ ulli’ wa’kili M. Gorkiy. Demek tiykari’nan a’debiyat du’nyani’ so’z arqali’ ko’rkem su’wretlew wo’neri, ko’rkem til janli’ (uli’wma xali’q) tildin’ perzenti boli’p, woni’n’ basli’ wazi’ypasi’ ko’rkemlik (obrazli’q)ti’ jarati’w usi’ wazi’ypadan kelip shi’g’i’p, janli’ ha’m a’debiy so’ylewdin’ barli’q ha’diyselerin estetikali’q ta’rizde uli’wmalasti’radi’. Ko’rkemliktin’ sha’rti bolg’an ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m usi’llari’ (troplar ha’m figuralar) bolsa usi’ ha’dayselerdi ko’rkem bayanlap beriwde tiykarg’i’ wazi’ypani’ atqaradi’. Sonli’qtan ha’r qanday do’retpenin’ ko’rkemlilik quni’n bahalawda, wondag’i’ troplar ha’m figuralardi’n’ ko’rkemlik wo’zgesheliklerin analizlew, wondag’i’ troplar ha’m figuralardi’n’ ko’rkemlik xi’zmetin u’yreniw, sol shayi’r yaki jazi’wshi’ni’n’ do’retiwshilik du’nyasi’n ashi’wg’a mu’mkinshilik jaratadi’. Solay yeken, biz pitkeriw-qa’niygelik jumi’si’mi’zda talantli’ shayi’r S. İbragimovti’n’ lirikasi’nda ko’rkemlew qurallari’ ha’m usi’llari’ni’n’ paydalani’w wo’zgesheligin izertlewdi maqul ko’rdik. Sag’i’nbay İbragimov 1956-ji’li’ 1- sentyabrde Qon’i’rat rayoni’nda

tuwi’lg’an. 1982-ji’li’ Moskvadag’i’ M. Gorkiy ati’ndag’i’ a’debiyat instituti’n pitkergennen son’, Qaraqalpaqstan televideniesinde «Bilim» ja’miyetinde, Qaraqalpaqstan baspasi’nda jumi’s isledi. Wol Qaraqalpaqstan jazi’wshi’lar awqami’ni’n’ ma’sla’ha’tshisi, juwapli’ xatkeri, basli’q wori’nbasari’, «A’miwda’rya jurnali’ni’n’ bas redaktori’ lawazi’mlari’n atqaradi’. Ha’zirgi waqi’tta «Vesti Karakalpakstana» gazetasi’ni’n’ xabarshi’si’. Wol 1988-ji’ldan jazi’wshi’lar awqami’ni’n’ ag’zasi’ boldi’.

Woni’n’ «Dalalar» (1982),«Besinshi ma’wsim» (1986), «Jer menen aspanni’n’ arali’g’i’nda»(1990) degen toplamlari’ jari’q ko’rdi. S. İbragimovti’n’ qosi’qlari’ «İntellektualli’q poeziya» dep atalatug’i’n a’debiy qubi’li’sqa jatadi’. Bul bag’dardag’i’ poeziyada adamni’n’ ishki du’nyasi’n ashi’p beriwge ha’reket yetiledi, bul bag’dardag’i’ qosi’qlar arqali’ jaslardi’ zamanago’y pikir ju’ritip jasawg’a ta’rbiyalaydi’

Jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’: biz bul pitkeriw-qa’niygelik jumi’si’mi’zda S. İbragimov lirikasi’nda ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m usi’llari’ ma’selelerin izertlewde wo’z aldi’mi’zg’a maqset yetip qoydi’q ha’m to’mendegi wazi’ypalardi’ belgiledik:

- Shayi’r lirikasi’nda troplardi’n’ ko’rkemlilik xi’zmetin analizlew;
- Shayi’rdi’n’ wo’zine ta’n usi’li’n ha’m so’z saplaw sheberligin ashi’p ko’rsetiw;
- Ko’rkem figuralardi’n’ mazmung’a qatnasi’ ma’selesin ani’qlaw;
- Ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ qosi’q quri’li’si’n sho’lkemlestiriwdegi xi’zmetlerin analizlew;
- Shayi’rdi’n’ so’z tan’law ha’m woni’ awi’spali’ ma’nige quri’wda wo’zine ta’n wo’zgesheligin ashi’p ko’rsetiw jumi’sti’n’ izertlew obekti ha’m predmeti;

Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’z ushi’n tan’lang’an temami’zdi’n’ predmeti S. İbragimov poeziyasi’ni’n’ ideya-tematikasi’, shayi’r lirikasi’nda qollang’an ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m usi’llari’ni’n’ wo’zgesheligi, izertlew obekti ha’m predmeti:

Pitkeriw-qa’niygelik jumi’si’mi’z ushi’n tan’lang’an temami’zdi’n’ predmeti S. İbragimov poeziyasi’ni’n’ ideya-tematikasi’, shayi’r lirikasi’nda qollang’an ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m usi’llari’ni’n’ wo’zgesheligi, izertlew obekti si’pati’nda S. İbragimovti’n’ «Dollar» (1982), «Besinshi ma’wsim» (1986), «Jer menen aspanni’n’ arali’g’i’nda» (1990) poeziyali’q toplamlari’ aldi’q. Problemani’n’ izertleniw da’redjesi son’g’i’ waqi’tlari’ poeziyami’zda woy sezimlerdin’ ku’shli berilgen, emotsionalli’qqa bay bolg’an qosi’q do’retiwshileri de ko’plep tabi’lmaqta bunday qosi’q do’retiwshileri qatari’na B. Genjemuratov, S. İbragimov, Sh. Ceytov, K. Reymov ha’m tag’i’ basqalardi’n’ lirikalari’nda usi’nday woy sezimlerdi yerkin wo’lshemde sa’wlelendiriw ko’plep ushi’rasadi’. Bul shayi’rlardi’n’do’retiwshiliginde pikirlerdi bunday yerkin formag’a quri’p poeziyali’q ylardi’ jetkerip beriwde de bir-birine uqsamaytug’i’n wo’zgeshelikti sezemiz. Tiykari’nan alg’anda, pikirdi yerkin qosi’q formasi’nda beriw a’debiyattani’w iliminde yerkin qosi’q yaki verlibr dep ju’ritiledi. Usi’ formada qa’lem terbetken S. İbragimov qosi’qlari’nda wo’zine ta’nlik, wo’zgeshe stil, jo’nelistin’ izleri seziledi. Shayi’r shi’g’armalari’nda bunday wo’zgeshelikler arnawli’ tu’rde izertlendi. J. Sagidullaeva «Qaraqalpaq a’debiyati’nda modernizm S. İbragimov do’retiwshiligi mi’sali’nda magistrlik dissertatsiyasi’, U. Gaylieva ta’repinen «Qaraqalpaq a’debiyati’na arali’q formalar kandidatli’q dissertatsiyalari’nda

ayti'p wo'tiledi. [1]Biraq S. İbragimov lirikasi'ndag'i' ko'rkemlew qurallari' ha'm usi'llari' yele arnawli' tu'rde izertlengen joq ko'rkemlew qurallari' ha'm usi'llari' boyi'nsha bir qansha ilimpazlar miynetlerinde so'z yetiledi. Wolardan G. Abramovich, V. Tomashevskiy, V. Polyakov, F. Lesov, T. Babaev, Ye. Xudaybergenov, H. Umarov, S. Axmetov, J. Yesenov, Q. Ja'rimbetov, Q. Worazi'mbetov, B. Genjemuratov miynetlerinde so'z yetilgen. Biz wolardi'n' teoriyali'q pikirlerin basshi'li'qqa alg'an halda S. İbragimov lirikasi'ndag'i' ko'rkemlew qurallari' ha'm usi'llari'n analizlewge hareket yettik.

**Jumi'sti'n' quri'li'si'**: Biz bul jumi'si'mi'zda kirisiw ha'm juwmaqtan basqa tiykarg'i' yeki bapqa aji'rati'p u'yrendik.

**1-bap.** «S. İbragimov lirikasi'nda ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' qollani'li'wi'» dep atali'p, wol wo'z gezeginde 2-bo'lim: «Troplar ha'm woni'n' teoriyali'q tiykarlari' dep atali'p, biz bul bo'limde troplardi'n' teoriyali'q ani'qlamalari'na uli'wma sholi'w jasadi'q.

**2-bo'lim**: «S. İbragimov lirikasi'nda ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' ko'rkem obraz jasawdag'i' xi'zmeti» dep ataladi'. Wonda shayi'rdi'n' so'z tan'law sheberligi ha'm wo'zine ta'n usi'li'n ashi'p beriwge ha'reket yettik.

**2-bap**. «S. İbragimov lirikasi'nda ko'rkem su'wretlew usi'llari' ham woni'n' ko'rkem teksttegi a'hmiyeti dep atali'p, wol wo'z gezeginde 3 bo'limge aji'rati'p u'yrenildi.

**1-bo'lim**: «Ko'rkem su'wretlew usi'llari' ha'm woni'n' qosi'qtag'i' ko'rkemlilik xi'zmeti» dep atali'p, wonda biz ko'rkemlew usi'llari'ni'n' teoriyali'q tiykarlari' menen tani'sti'q.

---

[1] Умуров Қ. Адабиётшунослик назарияси. Тошкент. А.Қодирий номидаги халқ мероси нашриёти. 2004. 133-б

**2-bo’lim:** «S. İbragimov lirikasi’nda ko’rkem figuralardi’n’ mazmung’a qatnasi’» dep atali’p, wonda biz tikkeley mazmung’a qatnasi’ bolg’anfiguralardi’ shayi’r qosi’qlari’ mi’sali’nda analizledik.

**3-bo’lim**: «Shayi’r lirikasi’nda figuralardi’n’ qosi’q quri’li’si’n sho’lkemlestiriwdegi a’hmiyeti dep atali’p, bul bo’limde tikkeley qosi’qti’n’ formasi’na ta’sir yetiwdegi figuralardi’n’ shayi’r lirikasi’nda ko’rinisi menen tani’sti’q.

Jumi’si’mi’zdi’n’ son’i’nda paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi beriledi.

## I -bap. «S. İbragimov lirikasi'nda ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' qollani'li'wi'»

### I-1. Troplar ha'm woni'n' teoriyali'q tiykarlari'.

Poeziya baqshada qulpi'ri'p wo'sip turg'an roza gu'lin g'ana si'patlamaydi'. Woni'n' kereksiz ta'replerin i'laqti'ri'p taslap, xosh iyisin, go'zzal ha'm ju'z mi'n' qubi'li'p turg'an a'piwayi' boyawi'n aladi' da tap sol gu'lden suli'wraq bolg'an wo'z rozasi'n jasaydi' dep aytadi' ulli' kritik V.G. Belinskiy.[1] Bul wazi'ypani' ko'binese ko'rkem shi'g'armada ko'rkem su'wretlew qurallari' atqari'p woti'radi'. Wolardi'n' ja'rdeminde so'zdin' ko'rkem qubi'li'wlari'n, pikir obrazli'li'g'i' ashi'ladi'.

Ko'rkem shi'g'armada ha'r bir so'z su'wretlew usi'li' xi'zmetin atqari'wi' mu'mkin, sebebi, ol a'lbette usi' shi'g'arma mazmuni'n ashi'p beriwge xi'zmet yetedi. Sebebi, jazi'wshi' ko'rkem til arqali' obrazlar jaratar yeken, olardi'n' ma'nisin ashi'p ko'rsetiwshi so'z ha'm ibaralar tan'laydi'. Bul xi'zmet a'debiyattani'w iliminde ko'rkemlew qurallari' ha'm usi'llari'na ju'klenedi. Jazi'wshi' wolardi' qollani'w arqali' ko'rkem tildin' a'lwan si'rlari'n ashadi', wolarg'a jan yendiredi.

A'debiyattag'i' ko'rkemlew qurallari'ni'n' teoriyali'q tiykarlari' ko'plegen ilimpazlar ta'repinen u'yrenilgen G. Abramovich, B. Tomashevskiy, V. Polyakov, İ. Sultan, T. Babaev, H. Umarov, qaraqalpaq a'debiyati'nda S. Axmetov, J. Yesenov, Q. Ja'rimbetov, Q. Worazi'mbetov, B. Genjemuratov ha'm tag'i' basqalardi'n' adebiyat teoriyasi'na baylani'sli' miynetlerinde troplardi'n' teoriyali'q ani'qlamalari' berilgen.

[1] Белинский В.Г. I-том Москва. 1948. 643-б.

Ko’rkemlew qurallari’ a’debiyattani’w iliminde «su’wretlew qurallari’», «troplar» dep te ataladi’.

Ko’rkem shi’g’armada so’z tuwri’ ha’m awi’spali’ ma’nide qollani’li’wi’ mu’mkin. So’zdin’ awi’spali’ ma’nige wo’tiwi torplar arqali’ a’melge asi’ri’ladi’. Trop-(grek tilinen ali’ni’p- basqa bir na’rsege aylani’w, almasi’w) degen ma’nini an’latadi’. Jazi’wshi’ yaki shayi’r wo’zinin’ aytajaq ma’nisin tuwri’ ma’niste yemes, al bir na’rsege uqsati’p yaki awi’spali’ ma’nide berse troplar ju’zege keledi. Ko’rkem a’debiyatta tropti’n’ ten’ew, epitet, metafora, metonimiya, sinekdoxa. Giperbola, litota, janlandi’ri’w, ironiya, sarkazm ha’m tag’i’ basqa da tu’rleri bar. Bul ko’rkemlew qurallari’ so’zdin’ emotsional-estetikali’q ta’sirshen’ligin artti’ri’w ushi’n qollani’ladi’.

Ko’rkem a’debiyat ko’rkem wo’nerdin’ basqa tu’rlerinen wo’zinin’ so’z arqali’ ju’zege keletug’i’nli’gi’ menen aji’rali’p turadi’. Sonli’qtan bunday so’zge ayri’qsha poetikali’q wazi’ypa- ko’rkemlilikti ta’miynlew funktsiyasi’ ju’klenedi. Bul funktsiya a’sirese ko’rkem shi’g’armadag’i’ ko’rkemlew qurallari’ ha’m usi’llari’ arqali’ ju’zege asi’ri’ladi’. Bul haqqi’nda ulli’ rus ilimpazi’ Polyakov «Poeziyada figuralar ha’m troplardi’n’ ja’rdeminde so’zdin ishki formasi’ ashi’ladi’ deydi.

Shayi’r S. İbragimovti’n’ individual stilin belgilewshi basli’ wo’zgeshelik-bul woni’n’ yerkinlikke umti’li’yai’ boldi’. Teren’ woy ha’m pikirlew protsesin payda yetiwshi shi’g’armalari’ arqali’ shayi’r da’stu’riy formali’q du’zilisten shi’g’i’p, ken’likkeumti’ladi’ mazmun salasi’nda teren’likke formasi’nda ken’islikke umti’li’wshi’ shayi’rdi’n’ sheberliginin’ wo’zgesheligin ko’rsetedi. Shayi’rdi’n’ wo’zine ta’n bolg’an yerkin pikirlew ha’m pikirlerdi keskin beriw, woy-sezimlerdi ta’biyiy hali’nda beriwge umti’li’wshi’li’q da’stu’riy qosi’k qa’lbine si’ymaydi’, estetikali’q ken’likti talap yetti:

Jayg'asa almadi'm to'rt pasi'lg'a men
Pasi'ldan-pasi'lg'a yen'sem shi'damas-
Quti'lmaq moyi'ng'a tu'sken ju'klerden
Joq mag'an. Besinshi ma'wsimin'di ash.

Qosi'q yerkin formasi'nda jazi'li'wi' menen qatar, ko'rkem su'wretlew qurallari' arqali' pikirdi awi'spali' ma'nige quri'p, woni'n' ta'sirshen'ligi jane de artti'radi'. Lirikali'q qaharman qa'lbindegi, ruwxi'yati'ndag'i' sheksiz sezimler ga' unamli', ga' tasqi'nlap, burqasi'nlap, wo'z kenari'na si'ymay shapshi'p, ga' qursawg'a tu'sken ari'slanday arpali'si'p wo'risi tarli'q yetip turg'an payi'ti'n shayi'r metaforali'q su'wretlew usi'li', arqali' sheber bayanlaydi'.

Besinshi ma'wsim-metaforasi' S. İbragimov stiline ta'n boli'p, lirikali'q qaharmanni'n' kewlindegi jayg'aspay ati'rg'an sezimlerinin' metaforasi' a'ne usi'nday ko'rkem su'wretlew qurallari' arqali' shayi'r shi'g'armalari'ni'n' ko'rkemliligi de arti'p bara beredi.

Shi'g'armadag'i' usi'nday ko'rkemlew qurallari'n u'yrengen rus ilimpazi' B. Tomashevskiy wolardi' u'shke bo'lip u'yrenedi:[1]

1. Efoniya (ses u'nlesligi)
2. Poetikali'q leksika
3. Poetikali'q sintaksis

Efoniya- bul ses u'nlesligi yag'ni'y ko'rkem shi'g'armada dawi'sli' yaki dawi'ssi'z seslerdin' poetikali'q maqsetteu'nlesip keliwi, wog'an alliteratsiya, assonans ha'm tag'i' basqalar kiredi.

Poetikali'q leksika-so'z tan'law usi'li' boli'p, wog'an arnawli' leksikali'q birlikler (dialektizm, varvarizm, neologizm) ha'm basqa da troplardi'

[1] Томашевский Б.В. Теория литературы. Поэтика. Москва, 2011 ж. 301-б.

kirgizedi. Al wo'zbek a'debiyatshi'si' T. Boboev troplardi' u'sh bo'limge bo'lip u'yrenedi:[1]

1. Komporativ (uqsas) troplar. Troplardi'n' bul topari'na su'wretlew obektinin' si'rtqi' ko'rinisi boyi'nsha wo'zine uqsas bolg'an obektke sali'sti'ri'ya tiykarn yetip ali'nadi'. Wog'an metafora, epitet, janlandi'ri'w, simvol, allegoriyani' kirgizedi.

2. Kontigual troplar. Bunda su'wretlew obekti ko'rinisi jag'i'nan wonshelli uqsas bolmag'an, biraq tu'sinigi boyi'nsha jaki'nlagi' bolg'an obektke sali'sti'ri'ladi' wog'an metonimiya, giperbola, litota, sinekdoxani' kirgizedi.

3. Kontrast-qarama-qarsi'li'qti' bildiriwshi troplar wog'an ironiya antiteza, woksinoron ha'm tag'i' basqalardi' kirgizedi. Qaraqalpaq a'debiyati'nda geypara ilimpazlari' ta'repinen troplar u'yreniwdi,al geyparalari' woni' bo'lek aji'rati'p u'yreniwdi maqullaydi'. Uli'wma ko'rkemlew qurallari' shayi'rdi'n' wo'zine ta'n so'z tan'law sheberligin ko'rsetiw menen birge shi'g'armani'n' ko'rkemliligin ta'miynlewshi a'mellerdin' biri boli'p tabi'ladi'.

Ten'ew- ko'rkem shi'g'armada bir zatta yekinshi bir zat penen sali'sti'ri'p ko'rsetiw. A'dette ko'rkem shi'g'armada ten'ewler qaraqalpaq tilinde –day, -dey, -tay, -tey, tag'i' basqa si'yakli' qosi'mtalardi'n' qosi'li'wi' arqali' jasaladi' ha'm woy-pikirdin' obrazli'g'i'n, ta'sirshen'ligin, teren' woyli'li'g'i'n keltirip shi'g'aradi'. Bul xaqqi'nda qaraqalpaq a'debiyatshi'lari' S. Axmetov ha'm K. Sultanovlar bi'lay deydi: «Ko'rkemlew qurallari'ni'n' barli'q tu'rlerindey-aq, ten'ewler de jazi'wshi' wo'sken wortasi', wo'zine shekemgi a'debiy da'stu'r menen baylani'sli'

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент. Ўзбекистон. 2002. 320-329 б.

qollani'ladi'. Wo'ytkeni, avtor ten'ewlerdi wo'zine tani's, xali'qqa tu'sinikli, sol xali'qti'n' turmi's ta'sirshen'ligine baylani'sli' jag'daylardan aladi'».

Metaforalar-grek tilinen ali'ni'p, meta-qaytadan, fora-ko'shiremen degen ma'nini an'latadi'. Metafora zatlardi' bir-birine megzetiwge tiykarlang'an, awi'spali' su'wretlewdin' bir tu'ri. Metaforada bir predmet atamasi' menen yekinshi predmet qayta ataladi'. Bul tuwrali' wo'zbek a'debiyatshi'si' T. Boboev bi'lay deydi.

«Metafora[1] yeki predmet yaki ha'diyse (uqsati'li'p ati'rg'an ha'm uqsawshi') arasi'ndag'i' uqsasli'qqa tiykarlanadi', uqsati'li'p ati'rg'an predmetke uqsawshi' predmettin' qa'siyetleri, si'pati', belgileri ko'shirilip wo'tkiziledi. Metafora ta'biyati' jag'i'nan ten'ewlerge jaqi'n turadi'. Ten'ewde de, metaforada da yeki predmetti bir-birine uqsati'wi' arqali' su'wretlew obektin obrazli' sa'wlelendiriw. Metafora ten'ewdey yetip predmetlerdi sali'sti'rmaydi', al uqsatadi', megzetedi. Wolar to'mendegidey ayi'rmashi'li'qlar menen bir-birinen wo'zgeshelenip turadi'. Birinshiden, ten'ewde to'rt element yen' keyinde yeki element (uqsati'wshi' ha'm uqsawshi' obraz) qatnasti'ri'ladi'.

Yekinshiden, ten'ewde so'zler tiykarg'i' ma'nide, al metaforada awi'spali' ma'nide qollani'ladi'.

Teoriyali'q miynetlerde metaforani' yekige bo'lip qaraydi': ashi'q ha'm jabi'q metafora.

Yeger uqsati'li'p ati'rg'an predmet tu'sirilip qaldi'ri'lsa tek uqsawshi' predmet berilgen bolsa ashi'q metafora payda boladi'. Yeger tekste uqsati'latug'i'n predmetlerdin' wo'zi boli'p,uqsawshi' predmet qaldi'ri'lsa, al woni'n' ayi'ri'm belgileri qatnasti'ri'lsa jabi'q metafora payda boladi'.

[1] Ахметов С, Есенов Ж. Жаримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис. Билим. 1992. 129-бет.

Lirikali’q qosi’q shayi’rdi’n’ sezim ha’m tuyg’i’lari’na suwg’ari’lg’an woy-wo’risin pikirlerdin’ ko’rkem ko’rinisi lirikada metaforada so’zdin’ mag’anasi’n wo’zgertip ayti’w, su’wretlew obektin yele de ayqi’nlap ko’rsetiw ushi’n wolardi’n’ wo’zlerine uqsas zatti’ yaki qubi’li’sqa megzetiw bolsa, wol yekinshi zat penen awi’sti’ri’p su’wretlew ushi’n qollani’ladi’.

Metanimiya grek tilinen ali’ni’p-qaytadan ataw degen ma’ni an’latadi’. Metanimiyada su’wretlenip ati’rg’an zat yamasa waqi’ya basqa at penen qayta ataladi’.Wol haqqi’nda T. Boboev «Bir predmet yaki ha’diyse atamasi’n ishki baylani’s (tu’siniktegi jaqi’nli’q) tiykari’nda basqa so’z benen wori’n almasti’ri’w arqa metanimiya payda yetiledi dep atap wo’tedi[1]. Ko’rkem a’debiyatta metanimiyalar ko’nkemoy-pikirdi i’qshamlap, su’wretlenip ati’rg’an waqi’yani’ poetikali’q boyawlar menen beriw ushi’n qollani’lg’an.

Sinekdoxa-grek tilinen ali’ng’an boli’p, uqsati’w ma’nisinde. Ko’rkem shi’g’armada bir pu’tinin worni’na woni’n’ bir bo’legin ali’p su’wretlew usi’li’. Wo’zbek a’debiyatshi’lari’ sinekdoxani’ metanimiyani’n’ bir tu’ri si’pati’nda qaraydi’. Rus ilimpazi’ F.M.Silivanov wolardi’n’ ayi’rmashi’li’g’i’n bi’layi’nsha ashadi’… «wo ishki yamasa si’rtqi’ uqsasli’qlari’ni’n’, baylani’slari’ni’n’ birinin’ yekinshisine wo’tiwi, aralasi’wi’ na’tiyjesinde payda boladi’. Sinekdoxada bul aralasi’w san baylani’si’ ha’m qatnasi’ bag’dari’nda iske asadi’ dep jazadi’. Al K. Ma’mbetov metonimiyada ko’birek janli’ ha’m jansi’z zatlar so’z yetilse, sinekdoxada janli’ zatlardi’n’ aywi’spali’ ma’nileri ko’birek so’z yetiledi-dep jazadi’.

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент. Ўзбекистон. 2002. 332 б.
[2] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис. Билим. 1997 ж. 22-бет.
[3]. Кудайбердиев Е. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент. 2007. 116-бет.

Giperbola ha'm litota. A'debiyatta korkem artti'ri'w u'lkeytip su'wretlew-giperbola, ha'dden ti's kishireytip su'wretlew litota dep ataladi'. Wo'zbek a'debiyati'nda giperbola «bulug'» yaki «ifrat», al litota «tafrit» dep ju'ritiledi. Bul su'wretlew qurallari'ni'n' basqa troplardan ayi'rmashi'li'g'i' giperbola ha'm litotada tilge yaki ha'diyse tu'sinilmeydi. Wolarda na'rse ha'diyselerdin' kolemi, haqi'yqatqa mass kelmeytug'i'n da'rejede u'lkeyt irilmeydi yaki kishireytiriledi.

Giperbola su'wretlenip ati'rg'an zatqa yamasa obrazg'a woqi'wshi'ni'n' di'qqati'n ayri'qsha qarati'w ushi'n qollani'ladi'.

İroniya-grekshe eronia- jortag'a degendi an'latadi'. Belgili bir qubi'li'sti', adamni'n' minez-qulqi'n mi'sqi'llaw, dalkeklew maqsetinde qollani'latug'i'n ko'rkem su'wretlewdin' biri. Ayti'wshi' wo'z so'zin tuwra ma'nide bermesten, astarlap basqasha ma'nide beredi. So'zdin' formasi'na qarag'anda wol maqtap ati'rg'an si'yaqli', wol haqi'yqati'nda mazmuni' wog'an qarama-qarsi' keledi, wol sarkazm bir-birine jaqi'n, biraq ironiyani' shi'g'armani'n' kontekstine qarap biliwge boladi'. Wol a'piwayi' ha'zil yamasa a'shkaralaw mazmuni'nda boli'wi' mu'mkin.

Simvol-grekshe symbolon «sha'rtli belgi» degendi an'latadi'. Ko'rkem shi'g'armada sha'rtli turdegi astarli' ma'nide qollani'latug'i'n su'wretlew qurali'. Wol a'debiyattani'wda metaforani'n' bir tu'ri si'pati'nda da qollani'ladi'. Bunday simvolikali'q su'wretlew arqali' da jazi'wshi' shayi'rlar turmi's haqi'yqatli'g'i'n ta'sirli ha'm obrazli' tu'rde woqi'wshi'lari'na jetkerip beredi. Wolardi' qollani'w arqali' avtor qandayda bir qubi'li'sti', tu'sinikti yamasa zatti' an'latadi'. Ko'rkemlew qurallari' pikirdi awi'spali' ma'nige quri'w menen birge wog'an obrazli'q ta beriw ushi'n qollani'ladi'.

Usi'nday ko'rkemlew qurallari'ni'n' ja'ne biri-janlandi'ri'w. Janlandi'ri'w adamlarg'a ta'n bolg'an qa'siyetlerdi jansi'z premetler, ta'biyat

ha'diyseleri, haywanat yaki quslarg'a ko'shiriw arqali' payda bolatug'i'n su'wretlew qurali'. Wori's a'debiyattani'w iliminde «prozopoeya» dep ataladi'. Bul termin grek tilinen ali'ni'p, «kelbet jasayman» degen ma'nini bildiredi. Wol haqqi'nda T. Boboev «janlandi'ri'w su'wretlew obektin bo'rttirip, ayqi'n ha'm ra'wshan sa'wlelendiriwge imkaniyat beredi»[1] dep aytadi'.

Janlandi'ri'w ko'rkem shi'g'armada jansi'z na'rselerdi jani' bar yetip ko'rsetiw tiykari'nda payda yetilip, pikirdin' obrazli'g'i'n ta'miynleydi.

Wo'zbek a'debiyatshi'si' H. Umurov «Turmi'sti' janli' ha'm ta'sirli yetip jarati'w wo'neri»- ko'rkemlilik dep tu'sindiriledi. Woni'n' pikirinshe «Ko'rkemlilik-ko'rkem wo'nerdin' barli'q elementlerin (obraz, xarakter, tip, syujet, detal, kompozitsiya, ko'rkem til, su'wretlewqurallari', poetikali'q sintaksis, janrlar, usi'l…) wo'z ishine qamti'ydi', wolardi'n' ha'r birinin' wo'zgesheligine ha'm a'yne waqi'tta, barli'g'i'ni'n' tu'rine qarap tu'rlishe ta'rizde birlestiredi.[2]

Uli'wmalasti'ri'p aytqanda, biz bul bo'limde ko'rkemlew qurallari' haqqi'nda azi'-kem teoriyali'q mag'li'wmat berip wo'ttik. Ko'rkem shi'g'armada ko'rkemlew qurallari'ni'n' atqaratug'i'n xi'zmeti ha'm woni'n' a'hmiyeti haqqi'nda bazi' bir ko'z-qaraslardi' bildirdik.

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент. Ўзбекистон. 2002. 345 б.
[2] Умуров. Ҳ. Адабиётшунослик назарияси. Тошкент. Шарҳ. 2002. 28 б.

## I-2. S. İbragimov lirikasi'nda ko'rkem su'wretlew qurallari'ni'n' obraz jasawdag'i' a'hmiyeti.

Shayi'r S. İbragimov lirikasi' shayi'rdi'n' intellektual, filosofiyali'q ko'z-qaraslari' menen ishki sezimler dunyasi'ni'n' sa'wleleniwinin' qari'spasi'nan ibarat. Shayi'r wo'z ideyasi'n ko'rkem bayanlap, wog'an jan yendiriwde ko'rkemlew qurallari'ni'n' a'hmiyeti u'lken.

Lirikada avtor (shayi'r) menen woni'n' ishki keshirmelerin su'wretlenip ati'rg'an shaxs (qaharman) a'lemi birlesedi. (lirikag'a ta'n ha'mme sezimlerdin' qari'si'p pu'tinleskeni si'yaqli' qosi'ladi'. Sol qosi'li'wdan lirikali'q qaharman ju'zege keledi. Usi' lirikali'q qaharmanni'n' obrazi'n jasawda shayi'rko'rkemlew qurallari'ni'n' jiyi-jiyi paydalani'p woti'radi'.

A'sirese woni'n' qosi'qlari'nda qollani'lg'an ten'ewler u'lken a'hmiyetke iye. Avtor personajdi'n' tu'rlishe ruwxi'yhalatqa tu'siw protsesin su'wretlewde ten'ewlerden paydalanadi'.

Mi'sal ushi'n qanday da bir insanni'n' obrazi'n toli'q ashi'w maqsetinde avtor wog'an lirikali'q qaharmanni'n' mu'na'sibetin bildiriw ushi'n woni'n' suli'wli'g'i'n beriw ushi'n sog'an uqsas na'rsege ten'lesedi.

Ku'lkin' senin'-qu'diretin' senin',
Senser yan'li' turdi'n' jarqi'rap,
Usi' aqsham tu'sime yendin'.
A'ynegin'nen ba'ha'r si'g'alar.[1]

---

[1] Ибрагимов С. Жер менен аспан аралығы. Қарақалпақстан. 1990. 52 б.

Qosi’qta qolllani’lg’an «senser yan’li’ ten’ewi lirikali’q qaharmanni’n’ wo’z su’yiklisine degen pa’k sezimlerin ko’rsetedi, woni’n’ muxabbati’ sonshelli ku’shli-qa’lbindegi go’zzalli’q ku’lkisin senserge ten’eydi.

Yamasa,

Na’wba’ha’r keshindey qaytqi’si’ kelgen,
G’umsha ma’ha’line iynelik quwg’an,
Senin’ menen meni qi’ladi’ delbe-
Yekewimiz qalami’z qara dawi’lda [1]

Lirikali’q qaharman qaradawi’llar ma’ka’n qurg’an. Biraq wol na’wba’ha’rdi ku’sheytedi. Na’wba’ha’r, bul lirikali’q qaharman kewlindegi ba’ha’rdin’, jan’alani’wdi’n’ metaforasi’. Woni’ «keyin»ge tan’ew arqali’ kewlindegi pa’k sezimlerdin’ tezirek worali’wdi’ qa’lep ati’rg’ani’n obrazli’ bayanlaydi’.

Shayi’r wo’zinin’ filosofiyali’k qosi’qlari’nda da pikir obrazli’g’i’n artti’ri’w ushi’n ten’ewlerdi jiyi paydalani’p woti’radi’:

Aspan to’rindegi juldi’zlar yan’li’,
Jerde isenimler shoq boli’p janar-
Mi’na ken’islikke ba’ri si’yadi’,-
Ne sondi, ne qaldi’-
Tek waqi’t gu’wa…[2]

Jerdegi isenimlerdi juldi’zlarg’a ten’ew arqali’ bul wo’mirde ati’na g’ana «  ..» dep atalatug’i’n sezimnin’ ko’pligin bermekshi boladi’. Bul ken’islikke ba’ri de si’ya beredi: jaqsi’li’q ta, jamanli’q ta, insapsi’zli’q ta, adamgershilik te. Biraq wolar waqi’t wo’tiwi menen ba’ribir umi’ti’ladi’. Shayi’r ko’birek wo’mir tuwrali’ woylang’anda wo’z lirikali’q qaharmani’ menen qosi’la

[1] Сонда 58 б.
[2] Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис. Қарақалпақстан. 1986 ж. 5-бет.

woti'ri'p ta'biyat lirikali'q qaharmanni'n' ishki kewil ku'ylerin woy sezimlerin jekeriwde shayi'rga ayri'qsha ja'rdem berdi.

S. İbragimov lirikasi'nda metaforalar u'lken a'hmiyetke iye, woni'n' shi'g'armalari'ndag'i' ha'r bir wori'nli' tabi'lg'an metoforalar do'retiwshinin' niyetin, alga qoyg'an ideyalari'n, woy-pikirin toli'q ham ko'rkem jetkere aladi'.

Metaforani'n' usi'nday ko'rkemlew xi'zmeti haqqi'nda tu'rkmen a'debiyatshi'si' R. Rejebaev bi'lay jazg'an yedi: «Lirikani'n' ta'jiriybesinde, poeziyani'n' tariyxi'nda lirika metaforasi'z bolmag'an ha'm bolmaydi' da, metaforasi'z lirika lirikali'q mazmung'a iye bola almaydi'.[1] (Bul pikir B. Genjemuratovti'n' ilimiy miynetinen ali'nadi'). Bul ilimiy pikirlew metaforasi'z lirikani'n' lirikali'q go'zzalli'qqa, lirikali'q mazmung'a iye bola almaytug'i'ni'n ko'rsetedi.

Bul buni' S. İbragimov do'retiwshiligi mi'sali'nda u'yrenip, woni'n' qosi'qlari'ni'n' basi'm kopshiligi metaforali'q usi'l menen jasalg'ani'n baqladi'q:[2]

Si'zg'i'shqa kelmeydi g'ayri' minezler
Ma'n'gi tati'wli'q joq mu'liktey qoldag'i'
Ashshi'lasi'p qalsaq ko'kiregim izler
Seni Yurmaladan qaytqan joldag'i'

İnsanni'n' minezin si'zg'i'shqa awi'sti'ri'w arqali' shayi'r insan minezinin' har tu'rli boli'p qubi'li'p turi'wi'n, ga'hi quwani'shtan jaynasa ga'hi qapalasi'p tu'neriwin obrazli' bayanlag'an. Lirikali'q qaharman wo'z su'yiklisine degen wo'z su'yiklisine degen bir waqi'tlardag'i' sezimlerin yeslep tolg'anadi'.

[1] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис. 1997 ж. 13-бет.
[2] Ибрагимов С. Далалар. Нөкис. Қарақалпақстан. 1982. 3-бет.

Ko’rkemlew qurallari’ bolsa woni’ bir pu’tin xali’nda obrazli’ jetkerip beredi.

Metaforani’n’ teoriyali’q miynetlerinde ashi’q ha’m jabi’q tu’rleri boli’p u’yreniledi.

Ashi’q formada uqsawshi’ predmet boli’p, uqsati’li’p ati’rg’an predmet berilgen bolsa ashi’q metafora payda boladi’.

Ko’rdim du’nyada jazi’lmag’an
Bir bet aq qag’az boli’p
Sol xali’nda ketetug’i’nlardi’n’
Tragediyasi’n.[1]

Yeger tekste uqsati’latug’i’n predmetlerdin’ wo’zi boli’p, uqsawshi’ predmet tu’sirilip qaldi’ri’lsa, wol woni’n’ ayi’ri’m belgileri qatnasti’ri’lsa jabi’q metafora payda boladi’:

To’n’kerilip hawayi’ da’pter
Da’rtin si’zi’p ti’rnalar wo’ter.
İyrek-iyrek gu’mis ha’ripler
Meni sadi’qli’qqa u’yreter.[2]

Birinshi mi’salda «tragediya» metaforasi’ arqali’ ja’miyetimizdegi ayi’ri’m insanlardi’n’ du’nyag’a sol hali’nda kelip sol hali’nda ketetug’i’n wo’miri zaya insanlardi’n’ metaforasi’ berilgen.

Yekinshi mi’saldag’i’ «hawayi’ da’pter»ge aspanni’n’ qa’siyetinsin’diredi, iyrek-iyrek gu’mis ha’ripler bolsa aspan to’rindegi bultlardi’n’ metaforasi’ uqsawshi’ predmet «aspan» «bultlar» tu’sirilip qaldi’ri’lg’an, al woni’n’ belgisi «da’rtin si’zi’p ti’rnalar wo’ter» qatnasti’ri’lg’an. Shayi’r ta’repinen woni’n’ belgileri «hawayi’ da’pter» menen «hariplerge» woriginal tu’rde ko’shiriledi.

[1] Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис. Қарақалпақстан. 1986 ж. 12-бет.
[2] Ибрагимов С. Жер мене наспан аралығы. Нөкис. Қарақалпақстан. 1990 ж. 52-бет.

Qam a’rmannan salg’an saray buzi’lar,

Aqi’ri’ ji’llardi’n’ ju’gi shi’datpas[1]

«Birge jasi’ri’nbaq woynag’an qi’zlardi’ yeslep» qosi’gi’nan ali’ng’an bul u’zindide «qam a’rmannan salg’an saray» «ji’llardi’n’ ju’gi» metaforasi’ qollani’lg’an. «Qam a’rmannan salg’an saray» arqali’ jasli’qtag’i’ a’rmandi’ qamlay sali’ng’an sarayg’a megzetedi, «ji’llardi’n’ ju’gi» lirikali’q qaharmanni’n’ wo’mirinin’ wo’tip barati’rg’ani’n obrazli’ bayanlaydi’. Avtor «ju’k» ke islew beriw arqali’ woni’ ji’llarg’a awi’sti’radi’. Sonday-aq shayi’r lirikasi’nda shayi’rdi’n’ wo’zine ta’n stilinen, soz tan’law sheberliginen payda bolg’an jan’a metaforalardi’ da ushi’ratami’z.

Sezimlerim shala suwi’ng’an,

Bunsha mag’an bolarma qayg’i’,[2]

Nuri’ menen kozdin’ juwi’lg’an,

Juldi’zgenem kem-kem qaraydi’.[3]

İntim sezimlerge quri’lg’an bul qosi’g’i’nda lirikali’q qaharmanni’n’ qa’lbindegi da’rt-keshirmelerishala suwi’ng’an sezimler metaforasi’ arqali’ bayanlanadi’. Lirikali’q qaharman bir halatta: yele woni’n’ sezimleri suwi’p u’lgergen joq, sol sebepli lirikali’q qaharman usi’nshama qayg’i’ g’am shekpekte. Wori’nli’ tabi’lg’an metafora su’yiklisinen ayi’ri’li’p, sezimlerinin’ tar ko’shelerinde adasqan lirikali’q qaharmanni’n’ obrazi’n koz aldi’mi’zg’a yelesletedi.

Qa’yteyin wo’zimde joqqa i’nti’g’i’p,

Qa’yteyin i’nti’g’i’p wo’tken ba’ha’rge

Meyli gu’z. Asi’lg’an shaqmaq qi’rqi’li’p

Men jerge tu’sermen salg’an ma’ha’lde.

---

1 Ибрагимов С. Далалар. Нөкис. Қарақалпақстан. 1982 ж. 4-бет.

2 Сонда 7-б.

3 Сонда 12-б.

«Ba’ha’r», «gu’z» metaforalari’ arqali’ bolsa shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ wo’mir jollari’ndag’i’ arpali’sqan ma’writlerin obrazli’ su’wretleydi.

Uli’wma S. İbragimov lirikasi’nda biz metaforalardi’n’ wog’ada ko’p jumsalg’ani’ni’n’ gu’wasi’ boldi’q. Wol metaforalar geyde lirikali’q qaharmanni’n’ wo’mir joli’n bayanlasa geyde muxabbattan azap shekken sezimlerin beredi, al bazi’da bolsa shayi’r wo’z filosofiyali’q woylari’n metafora arqali’ bayanlaydi’. Demek metaforalar S. İbragimov lirikasi’nda qosi’qti’n’ tiykari’, «jani’», «kiyimi» si’pati’nda qosi’q mazmuni’n jasandi’ri’p, woqi’wshi’lar qa’lewinin’ estetikali’q talg’ami’na say ra’wishte jetkerip beriw ushi’n qollani’lg’an.

Sonday-aq S. İbragimov lirikasi’nda sinekdoxalardi’n’ da jiyi-jiyi qollani’lg’ani’n ko’riwge boladi’.

Shayi’r lirikasi’nda sinekdoxalar su’wretlenip ati’rg’an predmetti soltuwri’si’nda atamay, woni’n’ bir bo’legi arqali’ pikir obrazli’g’i’n ja’nede asi’ri’w maqsetinde qollang’an. Mi’sali’:

Bazi’da tu’sinikler qayshi’lasadi’,
Bir dasti’qqa qoyg’an baslar jumbaqli’.
Ruwxi’m,sheshilip tu’sken saati’n’,
Senin’ yuramaladan qaytqan joldag’i’.[1]

Qosi’qta lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimleri berilgen. «Bir dasti’qqa Koyg’an baslar» arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ wo’z su’yiklisi, bir dasti’qqa bas qoyg’an zayi’bi’ menen wo’z-ara kelispewshilikler, tu’sinbewshilikler sebepli payda bolg’an sezimler bayanlanadi’. Shayi’r sonday gezler boladi’, ha’tte yen’ jaqi’n insani’n’ bolg’an zayi’bi’n’ada tu’sinispey geyde

[1] Ибрагимов С. Далалар. Нөкис. Қарақалпақстан. 1982 ж. 4-бет.

«ashshi’lasi’p» qalasan’ degen pikirdi obrazli’ bayanlawda sinekdoxadan sheber paydalanadi’. Ja’ne bir qosi’g’i’nda shayi’r:

Yerkekler bar na’zeri won’lawli’ mi’lti’q.

Telpek kiygenler bar moyni’ qatpag’an,

Wo’z biyligi wo’zinde yemesler

Ayi’pli’ bolg’an.[1]

Bunda su’wretlewdin’ parallelizm usi’li’n qollani’w arqali’ ja’miyetimizdegi yeki tu’rli taypa yerkeklerinin’ obrazi’n su’wretleydi. «Telpek kiygenler» sinekdoxasi’ arqali’ wo’zinin’ «er» sanap ju’rgen, lekin bul atqa i’layi’q yemeslerdin’ obrazi’n ashi’p beredi, wolardi’ parallel su’wretlep shi’g’armani’n’ ta’sirshen’ligin artti’radi’.

Tag’i’ bir qosi’g’i’nda da usi’nday insanlardi’n’ obrazi’n jarati’w, ushi’n sinekdoxadan paydalanadi’.

İshleri wo’rt bolg’an g’api’l yerkekler

Baslari’n tiklewge bati’nbas…

Ba’ri

Mo’minsigin

U’n joq

A’y, wo’zma’mbetler,

Tabalap ku’lin’ bir! Ken’ yetip… Qa’ne?!

Lirikali’q qaharman qa’lbindegi yen’ suli’w. Yen’ iybeli, yen’ aqi’lli’ dep bilgen qi’z obrazi’n ashi’p beriwde woni’n’ si’rti’nan ashi’q boli’p ju’rgen jigitlerdi «wo’zma’mbetler» sinekdoxasi’ arqali’ beredi, shayi’r wolardi’n’ hesh birisin de wog’an i’layi’q kormeydi. «Wo’zma’mbetler» sinekdoxasi’ unamsi’z obraz jasawda qollani’lg’an ja’ne de qosi’qti’n’ son’i’nda bi’layi’nsha juwmaq jasaydi’

[1] Сонда 12-бет.

Qozg’aman’!

Bu’ginde mu’ta’j yemes wol,

Arzan wonshi’qa

Arzan baxi’tqa

Woni’n’ juldi’zi’ sol qa’ddine,

Pa’s qol

Kirleter…

Sol  baha, baha yaqutqa[1]

Qanday da sebep penen lirikali’q qaharman ardaqlag’an qi’zdi’n’ a’tirapi’n aylanshi’qlag’an sol wo’zma’mbetler bu’gin wo’z aldi’na ketken. Sonda da lirikali’q qaharman  qa’lbin la’rzege salg’an sol qi’zdi’ yele pa’k hali’nda su’yedi, wog’an girt juqti’rg’i’si’ ku’sheydi, «pa’s» qollar di’ wog’an jolatpaydi’ «pa’k» qol sinekdoxasi’ arqali’ shayi’r sol qi’zdi’n’ yele na’zikligin, pa’kligin ha’m ha’mmeden joqari’li’g’i’n obrazli’ bayanlag’an. Usi’ sebepli shayi’r woni’ yen’ qi’mbatli’ tas yaqutqa megzetedi.

Shayi’rdi’n’ da sinekdoxlardi’n’ a’jayi’p u’lgisin ko’remiz.

Jani’li’s qa’demler, ha’m tu’sinikler.

Awi’zda baqpaqlar -so’zler aldaydi’,

Sheshiler siresi qi’sqan yetikler,

Qi’sli’qtan kewildi sheship bolmaydi’.[2]

Pu’tinlik worni’na woni’n’ bir bo’lekshesi yag’ni’y insani’n’ awzi’n su’wretlew arqali’ shayi’r pikirdi obrazli’ sa’wlelendiredi. İnsanlarg’a isenben’ degen pikirdi beriw ushi’n «insanlar» a’piwayi’ so’zin obrazli’ «Awi’zlar» sinikdoxasi’na awi’sti’radi’.

---

[1] Сонда 10-бет.
[2] Сонда 13-бет

Shayi’rdi’n’ intim lirikalari’nda da sinikdoxalardi’n’ qollang’ani’ni’n’ gu’wasi’ bolami’z.

Ku’ygelek ko’zler bizler ta’repten,
Ji’lwali’ na’zerin tamdi’rdi’ qashshan
Biymaza aqshamlar u’rlep a’ketken,
Ushqi’ng’a
Talpi’nbay tura almassan’.[1]

«Ku’ygelek ko’zler» arqali’ lirikali’q qaharmang’a bir waqi’tlari’ ashi’q bolg’an insanlardi’n’ obrazi’n su’wretleydi. Lirikali’q qaharman jasli’q da’wirinin’ ko’zdi ashi’p-jumg’ansha wo’tip ketkenin wo’kinedi. Yendi wog’an «ku’ygelek ko’zler» ji’lwali’ na’zeri menen baqpaydi’.

Wo’zge peshanag’a pitken juldi’zlar
Shug’lani’z ku’ydirer
Biraq balqi’tpas.[2]

«Wo’zge peshana» arqali’ lirikali’q qaxarmang’a nesip yetpegen juldi’zlar» di’n’ basqa bir insan menen ta’g’dirles bolg’ani’n obrazli’ bayanlaydi’.

Uli’wma sinikdoxalardan shayi’r qosi’qti’n’ ta’sirshen’ligin ku’sheytiw ha’m pikirdi ko’rkemlep beriw maqsetinde qollang’an.

S.İbragimov lirikasi’nda pikir obrazli’li’g’i’n sa’wlelendiriwde metanimiyalardan da sheber paydalang’ani’n ko’riwimiz mu’mkin. Metanimiya ko’rkem ko’rkem so’z sheberine pikirin i’qsham obrazli’ ha’m ta’sirli sa’wlelendiriw imkaniyati’n beredi:

Woylari’ jan’g’i’ri’p wo’rlep kiyati’r,
Won alti’ ba’ha’rdin’ du’rsildisi wol,
Zeyni bir na’rseni serlep kiyati’r,

[1] Сонда 7-б
[2] Сонда 4-б

Biraq juwg’arada tu’wsilmes jol.[1]

Shayi’r «on alti’» metanimiyasi’n qollani’w arqali’ won alti’ jasli’ qi’zdi’n’ obrazi’n bermekshi. Shayi’r bul ideyasi’n beriwde «on alti’» son’i’nan biykarg’a paydalani’p woti’rg’an joq. İnsanni’n’ won alti’ jasi’nda ju’regi tolqi’p, sezimlerge bay kewli shadli’qlarg’a toli’p turg’an jigerli waqti’ baslanadi’. Shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ usi’ halati’n beriw ushi’n «oni’ alti’» metanimiyasi’nan uti’mli’ paydalanadi’.

Ku’n shi’jg’i’ri’p turar yedi to’bemde,
Ayshti’rmaydi’ qara shan’g’i’t ko’zimdi,
Jazdi’n’ ku’ni dep atalar yedi,
Men bunday jazlardi’ ko’rmegen yedim.[2]

«Bir buri’li’s bolsi’n Qaraqalpaqstanda» dep atalatug’i’n bul qosi’g’i’ tutasi’ menen awi’spali’ ma’nige quri’lg’an. Ta’biyat qubi’li’slari’ arqali’ Qaraqalpaqstanni’n’ keshegi ha’m bu’gingi ku’nnin sa’wlelendiredi, «jazlar» metanimiyasi’ arqali’ bolsa, bunday ulli’ wo’zgerislerdi ko’rmegen yedim – degen pikirin beredi.

Metanimiyani’n’ basqa bir tu’rlerinde belgili insanlar yaki wolardi’n’ is-ha’reketleri de pikirdi bayanlawda qatnasti’ri’ladi’:

A’tten’, iyn bosli’q qi’lsan’,
A’tten’….
A’bden Asan qayg’i’n’ shi’g’i’p qaladi’.

Asan XV -a’sirdin’ ko’rnekli so’z sheberi wol sonshelli miyriman bolg’an, ha’tte ja’nliklerdin’ de wo’limin qayg’i’ri’p, wayi’mlap ju’rgen. Sol sebepli xali’q woni’ «Asan qayg’i’» degen at penen atap ketken. Shayi’r

[1] Ибрагимов С. Далалар. Нөкис. Қарақалпақстан. 1982 ж. 3-бет.
[2] Ибрагимов С. Жер менен аспан аралығы. Нөкис. Қарақалпақстан. 1990 ж. 5-бет.

joqari'dag'i' qosi'g'i'nda bul laqapqa poetikali'q islew berip, lirikali'q qaharmanni'n' obrazi'n ashi'wda paydalanadi'.

Bazi'da belgili bir sa'nelerde pikirdi tuwra ma'nisinde yemes, wol awi'spali' ma'nige quri'wda metanimiya xi'zmetin atqaradi'.

Menin' bu'gingi ku'nim ushi'n,
Bir mi'n' tog'i'z ju'z won jetinshi ji'l kerek boldi',
Bir mi'n' tog'i'z ju'z woti'z jetinshi ji'l tariyqa kirdi,
Bir mi'n' tog'i'z ju'z qi'ri'q besinshi ji'l ju'zege keldi,
Bir mi'n' tog'i'z ju'z yeliw alti'nshi' ji'l kerek boldi'…[1]

Tariyxtan bilemiz, 1917-ji'l Worta Aziyada xali'q azatli'q ha'reketleri boli'p wo'tti, 1937-ji'li' bolsa Worta Aziyada ko'rnekli jazi'wshi' ilimpazlar represiyag'a ushi'radi', 1945-ji'li' 2-du'nya ju'zilik uri's tamamlandi', al 1956-ji'l shayi'r S.İbragimovti'n' tuwi'lg'an ji'li'. Demek, shayi'rdi'n' bu'gingi ku'nge jetisiwinde usi' ji'llardi'n' a'hmiyeti u'lken. Wol bul pikirdi metanimiyali'q usi'l menen original ta'kirarlanbas tu'rde bayanlaydi'. Mi'sallardan ko'rinip turg'ani'nday, metanimiyani'n' sanap wo'tilgen tu'rleri ha'r tu'rli jol menen bir maqsetke, yag'ni'y su'wretlenip ati'rg'an na'rse-ha'diyselerdin' a'hmiyeti ta'repin ayri'qsha aji'rati'p ko'rsetiw ushi'n xi'zmet qi'ladi'.

S.İbragimov lirikasi'nda janlandi'ri'w wonsha ko'p ushraspaydi'. Sebebi woni'n' qosi'qlari'ni'n' tiykarg'i' qarati'lg'an obekti-ja'miyetimizdegi insanlar ha'm wolardi'n' is-ha'reketleri. Shayi'r janlandi'ri'wdan insan mu'shelerine baylani'sli' da qollanadi'. Mi's:

Nerv tami'rlari'm jalbari'nadi',
Sag'an,

[1] Сонда 17-бет.

Samal…

Gu’z wo’tip barati’r.

Gu’z

Bul jerde shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ ati’nan a’piwayi’ bayanlap qoymastan, woni’n’ bir mu’shesi «nerv tami’rlari’nni’n’» jolbari’ni’wi’n aytpaqta. Bul arqali’ «insan shi’dami’» na’zerde tuti’li’p tur. Sonday-aq wol samalg’a nala yetip, mu’raja’t yetpekte. Demek qosi’qtag’i’ «Samal» obekti de janlandi’ri’w xi’zmetin atqari’p kelgen.

Shayi’r shi’g’armalari’nda ko’rkemlew qurallari’ni’n’ tag’i’ bir tu’ri giperbolalar da qollani’lg’an. Shayi’r arti’ri’w si’yaqli’ ayri’qsha wazi’ypalardi’ ju’kleydi:

Qi’p-qi’zi’l tasqi’nda qalar ta’biyat-
Aq kiyimli babay aldi’ma keler
«ne ishka’ran’ yedi ju’zeki uyat?
«sen wo’zin’di jo’nlep woynada bir ko’r…[1]

Ta’biyatti’n’ qi’p-qi’zi’l tasqi’nda qali’wi’ arqali’ ja’miyetlik atmosferani’n’ buzi’lg’anli’g’i’n aytadi’.

Kalendar ji’rti’ldi’. Toqtar saati’m.
Men u’mitwar yedim ayg’a shapshi’mag’a
(Shi’mshi’qqa tileyik jasli’q halati’n
qonar jan basi’na bayg’us qarshi’g’a… )[2]

«Ayg’a shapshi’w» giperbolasi’n qollani’w arqali’ shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ sol gezdegi halati’n, sezimlerin bermekshi bolg’an.

---

[1] Сонда 32-бет.
[2] Сонда 53-бет.

Tuli’mshaqli’ bir qi’z say jag’asi’nda,
Suwdi’ qosi’wi’slap ko’kke shashadi’,
Bir uyan’li’ ti’ng’an ko’z qarasi’nda
Aspan menen ba’ha’r ten’ jayg’asadi’.[1]

Bunda shayi’r lirikali’q subekt qa’lbinin’ suli’wli’g’i’n ashi’p beriw ushi’n giperbolalardan uti’mli’ paydalang’an. Sonday-aq S.İbragimov lirikasi’nda litotalarda ushi’rasadi’. Ko’rkem shi’g’armada giperbola ha’m mitotalardi’n’ atqaratug’i’n xi’zmeti birdey-obrazli’li’qti’ ku’sheytiw. Giperbola ha’den zi’yat asi’ri’p su’wretlese, mitota ha’dden zi’yat kishireytip su’wretleydi mi’sali’:

Ushi’p-qonar yedi (menin’ yadi’mda)
Shaqadan-shaqag’a kip-kirttay bir qus
Wo’zinin’ sha’wketli wo’mir haqqi’nda,
Aytar yedi quyash ko’p keshshikkenin[2]

Metaforali’q su’wretlew arqali’ shayi’r qus obrazi’nan insan obrazi’n ashi’wda paydalanadi’. Al woni’n’ kelbeitin jasawda mitotadan paydalanadi’ kip-kirttay «shunatayday» qus arqali’ biz su’wretlenip ati’rg’an subekttin’ wo’mirdegi worni’ wonsha a’hmiyetli bolmasada, quyash (jaqti’ ku’nler) ti’n’ keliwin intizarli’q penen ku’tip ati’rg’an insan obrazi’ menen tani’sami’z.

Kewlin -qa’weterim
Woyma duwtardi’n’
Lapi’zi’ debdiwdi qaytarsa keyin,
Shi’bi’qtay salqi’ldap turg’an nigari’m!
Nigahi’n’ ayti’lar qi’yli’ qal deyin…

---

[1] Сонда 56-бет.
[2] Сонда 49-бет.

Bundag’i’ «shi’bi’qtay salqi’ldaw» arqali’ lirikali’q obekttin’ bir pu’tin ko’rinisi ashi’ladi’. Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, ko’rkemlew qurallari’ S.İbragimov lirikasi’nda pikir obrazli’g’i’n ta’miyinlew de qaharman xarakterin jasawda, so’zge ayri’qsha ma’ni ju’klewde wo’nimli qollang’an.

Biz bul bo’limde shayi’r lirikasi’nda qollag’an ten’ew, metafora, metanimiya, sinikdoxa, giperbola, litota, janlandi’ri’w si’yaqli’ ko’rkem su’wretlew qurallari’ menen tani’sti’q, wolardi’ analizlewge ha’reket yettik.

## II. Bap. S.İbragimov lirikasi’nda ko’rkem su’wretlew usi’llari’ ha’m woni’n’ ko’rkem teksttegi a’hmiyeti.

### II.1. Ko’rkem su’wretlew usi’llari’ ha’m woni’n’ qosi’qtag’i’ ko’rkemlik xi’zmeti.

Ha’r bir jazi’wshi’ tili wo’zine ta’n quri’li’sqa iye. Yeger woni’n’ so’z bayli’g’i’ ana tilinin’ so’zligi ta’repinen belgilense, qolanatug’i’n ga’p du’zilisinin’ wo’zine ta’n formalari’ ha’m sol tildin’ sintaksislik quri’li’si’ ta’rtibi menen ju’zege keledi. Jazi’wshi’ poetikali’q sintaksisinin’ wo’zine ta’nligi do’retiwshiliginin’ uli’wma jo’nelisine, su’wretlenip ati’rg’an ani’q na’rse-ha’diyselerge ha’m shi’g’arma qanday woqi’wshi’g’a mo’lsherlep jazi’li’p ati’rg’ani’na baylani’sli’ boladi’. Demek, jazi’wshi’ wo’z shi’g’armasi’nda turmi’sti’ su’wretlewde, ishki sezimlerdi beriwde belgili bir sintaksislik normalarg’a bag’i’nadi’, wolardi’ ta’repletedi, bayi’tadi’. Su’wretlew usi’llari’ ja’rdeminde ko’rkem so’z sheberi wo’zinin’ aytajaq pikirine ayri’qsha ma’ni beriwge, wog’an ayri’qsha salmaq taslawg’a yerisedi.

XX-a’sirdin’ son’g’i’ shereginde a’debiyati’mi’zdi’n’ jan’a formalar menen bayi’p bardi’. Yendi woy-pikirdi ko’rkem su’wretlew, woni’ da’stu’riy yemes formada beriw ken’ u’rdis aldi’. So’zdegi ko’rkemlilik, obrazli’li’q, kerekli so’zdi taba biliw tek g’ana shazi’wshi’ sheberliginen g’ana yemes, al ko’rkem so’zdin’ tu’rli qubi’li’wlari’ni’n’ si’ri’ asha biliwine de baylani’sli’ boladi’. Tildegi usi’nday figuralardi’ u’yrengen wo’zbek a’debiyatshi’ ali’mlari’ T.Boboev, H.Umurov, Ye.Xudayberdievler ko’rkem

tekst poetikasi'n 3 tu'rge bo'lip u'yrenedi:[1] 1) poetikali'q awi'si'wlar 2) ko'rkemlew wo'neri 3) qosi'q sintaksisi.

Poetikali'q awi'si'wlar ko'binese so'zdin' obrazli'g'i'n, awi'spali' ma'nige quri'li'wi'n yesapqa aladi'. Ko'rkem su'wretlew qurallari' bolsa shi'g'armani'n' poetikali'q bezewi boli'p kalmastan, shi'g'arma ideyasi'n konkretlestiriwdin', shi'g'armag'a ayri'qsha obrazli'q ju'klewdin' qurali' boli'p yesaplanadi'.

Ko'rkem shi'g'armani'n' formasi' 2 tiykarg'a xi'zmetti atqaradi'. Birinshisi, ko'rkem pu'tinliktin' ishinde a'melge asi'ri'ladi'. Sonli'qtan da woni' ishki forma. Yekinshi xi'zmeti shi'g'armani'n' woqi'wshi'g'a ta'sir yetiwinde bayqaladi', sonli'qtan woni' si'rti' forma dep ataw mu'mkin. Wo'ytkeni, forma dep ataw mu'mkin. Wo'ytkeni forma woqi'wshi'g'a estetikali'q ta'sir jasaydi' yetiw. A'yni forma ko'rkem shi'g'armani' ja'mleydi. Mazmun wo'z-o'zinen qatan' tu'rde estetikali'q jaqtan suli'w yamasa a'biger boli'wi' mu'mkin yemes –bul tek forma arqali' a'melge asi'ri'latug'i'n wo'zinshelik.[2] Biz bul pikirge toli'g'i' menen qosi'lami'z.

Mi's:

Juldi'z jerge tu'ser-qasi'mda joqsan'.
Samal qatti' yeser-qasi'mda joqsan'.
Tag'i' qara no'ser-qasi'mda joqsan'.
Men buri'n ko'p yedim, men bu'gin azban.
Yendi deregin'di qaydan tabarman-
Yendi ju'regimde qaldi' a'rman-
Yendi men samalg'a si'bi'rlanaman-
Men ali'slarg'a umti'lg'an sazban.

---

[1] Худайбердиев Е. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент. «Иқтисод-молия» 2007 ж. 119-бет.
[2] Адабий турлар ва жанрлар. 3-жидлик. 2-жилд. Тошкент. «Фан». 1992. 142 бет.

Qosi’qta qollani’lg’an bir neshe ko’rkem figuralar mazmundi’ da’l jetkeriw menen birge, forma salasi’ndag’i’ ko’rkemlikti de ta’minlegen. «Qasi’mda joqsan’» -redifi ha’r u’sh qatarda ta’kirarlani’p, pikir ta’sirshen’ligin yelede asi’ri’w ushi’n xi’zmet yetken. To’rtinshi qatar bolasa lirikali’q qaharmanni’n’ buri’ng’i’ ha’m ha’zirgi halati’ wo’z-ara parallel tu’rde su’wretlenedi. Yekinshi shumaqta qollani’lg’an «endi» anaforasi’ da ta’kirar qollani’li’wi’ arqali’ qosi’qti’n’ original do’reliwine sebep bolg’an.

Qosi’qtag’i’ pikir jemiside a’ste-aqi’ri’nlap bari’p birden ku’sheytirilip gradatsiyani’ payda yetken.

Uli’wma alg’anda S.İbragimov lirikasi’nda qollani’lg’an su’wretlew usi’llari’ shayi’rdi’n’ ta’kirarlanbas sheberliginnen da’rek beredi.

Biz bul jumi’si’mi’zda a’ne usi’nday ko’rkemlew usi’llari’ni’n’ mazmung’a ha’m formag’a qatnasi’na qaray qollani’latug’i’n wo’z aldi’na analizlep, aji’rati’p u’yreniwdi maqul ko’rdi.

Mazmun jag’i’nan aji’ralatug’i’n figuralarg’a gradatsiya, parallelizim, inversiya, antiteza, ritorikali’q soraw, ritorikali’q qaratpa, simplona, apposiopeza h.t.b. al forma jag’i’nan aji’ralatug’i’n figuralarg’a almeteratsiya, assonans, anafora, redif, polisindeton, asindeton h.t.b. lardi’ kirgizdik.[1]

Ko’rkem a’debiyatta wo’nimli qollani’latug’i’n su’wretlew usi’llari’ni’n’ biri-parallelizimler. Parallelizm (grekshe-parallelisimos) –eki qubi’li’s yaki ha’rekettin’ bir-biri menen turaqli’ qatnasi’ ha’m birlikte keliwi… poetikada tekst ishindegi til elementi bo’leklerinin’ bir-birine uqsas yaki mag’analas ta’rtipte jaylasti’ri’li’wi’, yag’ni’y poetikali’q usi’l. Qatar qoyi’li’p ati’rg’an na’rse yamasa qubi’li’sti’n’ arasi’nda qandayda bir ma’nilik yaki ti’msalli’q baylani’s boli’wi’ kerek. A’debiyattani’w atamalar

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирмели сөзлиги. Нөкис. Билим. 1994. 154 б.

woni’n’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zliginde paralellizmnin’ ideyali’q, tematikali’q ha’m psixalogiyali’q tu’rleri haqqi’nda so’z yetedi. Al, ilimpaz B.Genjemuratov A’jiniyaz lirikasi’ni’n’ poetikasi’n u’yrengende, tiykari’nan sintaksislik, paralelizmlerge toqtaladi’.

Tematikali’q parallelizmler-tiykari’nan shi’g’armada antitezali’q ha’m simvolikali’q usi’l menen jasaladi’. Tiykarg’i’ maqset lirikali’q qaharmanni’n’ ishki du’nyasi’ndag’i’ arpali’slari’n bir-birine paralel qoyi’w arqali’ ideyani’ jetkerip beriw.

Psixologiyali’q parallelizm-lirikali’q qaharman ha’m lirikali’q personajdi’n’ psixologiyasi’ndag’i’, lirikali’q qaharman ha’m ta’biyat qubi’li’slari’ arasi’ndag’i’ qatar qoyi’lg’an sezimler arqali’ jaslardi’ psixologiyali’q parallelizim lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimlerin wo’tkir ha’m ta’sir beriw ushi’n qollani’latug’i’n usi’llardi’n’ biri. Gradatsiya-lirikali’q shi’g’armada woy-pikir jemisinin’ ku’shli emotsionalli’q ta’sirshen’likke iye tu’rde beriliwinde u’lken xi’zmet atqaradi’. Soni’n’ ushi’nda ko’pshilik shayi’rlar lirikali’q qaharmanni’n’ emotsiyalari’ (quwani’w, ku’yiniw, qayg’i’lani’w, g’a’zepleniw h.t.b.) ko’rkem obrazli’ tu’rde jetkeriw ushi’n gradatsiya usi’li’nan paydalanadi’.

Gradatsiya-lati’nsha gradation, a’ste aqi’ri’n joqari’law gradus «basqi’sh» «da’reje» degen ma’nisti bildirediyu ilimpaz G’arri’baevti’n’ pikirinshi gradtsiyani’n’ wo’zine ta’n belgili si’pati’nda bir zat su’wretlengende wol ba’rha wo’sedi, ba’rha ken’eyedi» dep aytadi’. Al «literaturani’n’ entsiklopedicheskiy slovar» da gradatsiya klimaks ha’m antiklimaks de peki tu’rge bo’linedi.

Klimaks-su’wretlew obektinin’ ma’nisi yamasa sezimler ag’i’mi’ni’n’ qatardan-qatarg’a, so’zdin’-so’zge wo’tken sayi’n su’wretlew obekti yaki sezimler ag’i’mi’ni’n’ pa’seyip bari’wi’.

Antiteza-(grekshe «antetheses»qarama-qarsi’ degendi bildiredi) ko’rkem shi’g’armada waqi’yalar, obrazlar, tu’sinikler bir-birine qatan’ qarama-qarsi’ qoyi’lsa antiteza usi’li’ kelip shi’g’adi’. Antiteza ko’binese ontonim so’zler arqali’ jasaladi’. Bazi’da qarama-qarsi’ tu’siniklerdin’ qarama-qarsi’ qoyi’li’wi’ arqali’ da jasali’wi’ mu’mkin.

Bunda ko’binese pikirdin’ qarama-qarsi’ keliwi na’zerde tuti’ladi’.

İnversiya –lirikada uyqas, buwi’n, i’rg’aq si’yaqli’ qosi’q quri’li’si’ elementlerin sho’lkemlestiriwshi usi’l boli’p qalmastan, shi’g’armani’n’ ishki mazmuni’na da ta’sir yetiw ku’shine iye.

İnversiya(lati’nsha inversia-ori’n almasti’ri’w so’zinen) ga’p bo’leklerinin’ grammatikali’q normadan ti’sqari’ jag’dayda qollani’li’wi’na tiykarlang’an stilistikali’q usi’llardi’n’ biri. Wori’s a’debiyattani’wi’nda jari’q ko’rgen so’zliklerde inversiyani’n’ kompozitsiyali’q inversiya ha’m ritmikali’q inversiya dep yekige bo’linetug’i’nli’g’i’ haqqi’nda ayti’ladi’. Jazi’wshi’ wo’zinde u’lken mazmundi’ sa’wlelendirgen so’zlerdi ga’pte wo’zgesherek ta’rtipte jaylasi’ti’ri’w joli’ menen woqi’wshi’ni’ wog’an ayri’qsha itibar beriwge u’ndeydi. Bul haqqi’nda a’debiyatshi’ B.Genjemuratov …. Negizgi ma’ni ju’klenetug’i’n so’zlerdi grammatikali’q qa’deler belgileytug’i’n wori’nnan ti’sqari’ jerlerge jaylasti’radi’.[1] Bunday ga’ptegi so’zlerdin’ worni’n bilip turi’p wo’zgertiw tiykarg’i’ pikirdi birinshi wori’ng’a shi’g’ari’w ushi’n islenedi. Bul bir ta’repi. Sonday-aq, uyqas buwi’n ha’m i’rg’aq birliginin’ saqlani’wi’ ushi’n islenedi. Bul –ekinshi ta’repi. Ga’ptegi so’zlerdin’ worni’ ko’rkem pikirdi birinshi wori’ng’a shi’g’ari’w ushi’n wo’zgertilgeni, soni’n’ menen birge uyqas, buwi’n i’rg’aq birliklerin saqlaw maqsetinde solay isletilgenlikten woqi’wshi’ ha’m ti’n’lawshi’ni’n’ obrazli’ su’wretlewdi qabi’l yetiw mu’mkinshiligi

[1] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис. Билим. 1997 ж.

ken'eyedi. Bul u'shinshi ta'repi –dep inversiyani'n' qosi'qtag'i' atqaratug'i'n xi'zmetlerin sanap wo'tken yedi. Ritorikali'q soraw, ritorikali'q qaratpa-jazi'wshi' woqi'wshi'ni'n' di'qqati'n belgili bir ha'diysege, yaki mashqalag'a qarati'w, wo'zinin' ku'shli sezimlerin bildiriw ha'm ku'shli pafosti' ku'sheytiw maqstinde shi'g'armada bazi'da ritorikali'q sorawlar beredi. Shi'g'armada ritorikali'q soraw beriledi yeken, wog'an kimnendur juwap talap yetilmeydi, ba'lkim usi' arqali' woqi'wshi'ni'n' so'z yetilip ati'rg'an ha'diysege, ma'selege ayri'qsha itibar menen qarawg'a u'ndeydi, yag'ni'y wo'zinin' ku'shli sezimlerin woqi'wshi'g'a sin'diredi.

Ko'rkem shi'g'armada ko'p ushi'ramaytug'i'n ritorikali'q qaratpalar da a'ne usi'g'an usas wazi'ypani' atqaradi'. Ayri'm waqi'tlari' shayi'r yaki jazi'wshi' shi'g'armada qatnasi'wshi' qaharmanlarg'a na'rse-xa'diyselerge mu'ra'ja'a't yetedi. Bunday mu'ra'ja'a't yetiw arqali', bizde su'wretlenip ati'rg'an na'rse-ha'diyselerge qarata ayti'li'wi' ko'zde tuti'ladi'. Bunday su'wretlew ritorikali'q qaratpalar dep ataladi'.

Apposiopezalar –(grekshe aposiopesis) jasi'ri'w woqi'wshi' yaki ti'n'lawshi'ni'n' aytajaq woyg'a, pikirge di'qqati'n awdari'w ushi'n ga'ptin' wortasi'nda yamasa keyninde u'ziliske tu'sip tamamlanbay qali'wi' ko'binese apposiopezalar lirikali'q qaharmanni'n' qaratpasi'n berip, qosi'qta lirikali'q sheginis jasawg'a jol ashi'p beriw ushi'n qollani'ladi'. Bul haqqi'nda wo'zbek a'debiyatshi'si' Ye.Hudayberdiev bazi'da indemey qali'w (apposiopeza) figurasi' arqali' su'wretlenip ati'rg'an na'rse ha'm ha'diyselerdin' wog'ada awi'rli'g'i'n, so'z ja'rdeminde ta'riyiplew qi'yi'nlg'i'n an'lati'w ushi'n qollani'ladi'. Bunday jag'dayda qosi'qtag'i' ayi'ri'm so'zler tu'sip qaladi', woni'n' worni'na ko'p noqat qoyi'li'wi' dep jazadi'.[1]

[1] Худайбердиев Е. Адабиётшуносликка кириш. Тошкент. «Иқтисод-молия» 2007. 121-бет.

Simplona-bir qatar yaki ga'p aqi'ri'ndag'i' so'z yaki so'z dizbegi basqa qatar yaki qatardi'n' bas komponentinde ta'kirarlani'p keliwi wo'neri ko'rkem shi'g'armada bul su'wretlew usi'li'nan paydalani'w arqali' su'wretlenip ati'rg'an waqi'ya yaki pikirdin' ta'sirshen'ligin asi'ri'w ushi'n qollani'ladi'.

Belgili ali'm akademik V.M.Jirmunskiy tildegi sesler shayi'r ushi'n ma'nissiz bir na'rseler yemes, ta'rtipsiz shawqi'mlar yemes, al wolardan paydalani'w ko'rkem ta'sir yetiwdin' a'hmiyetli usi'li'. Poetikali'q tildegi sesler ta'rtipke tu'sirilgen ha'm sho'lkemlestirilgen boladi', sesler arnawli' tu'rde tan'lap ali'ng'anli'g'i' ha'm jaylasti'ri'lg'anli'g'i'na baylani'sli' poetikali'q so'z prozali'q so'zden keskin wo'zgeshelikke iye boldi'. –dep jazg'an yedi.

Usi' ayti'lg'ani'nda, poeziyada uyqasqa baylani'sli' figuralar ko'rkem tildin' ta'sirshen'ligin ta'miyinlewshi yen' tiykarg'i' qural.

Alliteratsiya –lati'n tilinen «qasi'nda» ha'm «ha'rip» so'zlerinen payda bolg'an. Birgelikli dawi'ssi'z seslerdi qaytallap qollani'w arqali' ko'rkem so'zdin' ta'sirshen'ligin ku'sheytetug'i'n ko'rkem usi'l.[1]

Al assonanslar –dawi'sli' seslerdin' qatar yaki so'z basi'nda, qollani'li'wi', alliteratsiyag'a qarag'anda bul usi'l wo'nimsiz qollani'ladi'.

Anafora-bir yamasa bir neshe ba'ntlerde qosi'q birdey so'zler ha'm so'z dizbekleri menen baylani'si'wi'. Al alliteratsiya ha'm assononstan tu'pkilikli wo'zgeshelikke iye. Birinshiden, da'slepki yaki seslik uyqasta sesler qaytalani'p kelse bunda so'zler ha'm so'z dizbekleri qaytalanadi'. Yekinshiden, wolarda bir qatardi'n' basi'ndag'i' so'zler qoyi'ladi'. Usi' jag'i'nan anaforalar ko'birek so'zlerdin' intonatsiyasi'n ku'sheytiw menen birge i'rg'aqqa da ta'sir jasaydi'. Redif-kelip shi'g'i'wi' boyi'nsha arab so'zi

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирмели сөзлиги. Нөкис. Билим. 1994. 6-бет.

boli’p atta yerde woti’ri’wshi’ni’n’ keyninde woti’rg’an adamdi’ an’latadi’. A’ddette redif ushi’n emotsiyanalli’q ta’sirshen’ligi basi’m ko’rkemligi joqari’ so’zler tan’lap ali’nadi’.[1]

Ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’nda redif 2 formada ushi’rasadi’:

1. Qatarli’q redif
2. Ba’ntlik redif

qatarli’q redif yen’ kem taralg’an forma boli’p, bunda redif ushi’n qollani’latug’i’n so’zler qatardi’n’ sani’nda da, wortasi’nda da, basi’nda kem beriwi mu’mkin. Ba’ntlik redifler ha’m bir ba’nttin’ sani’n qaytalani’wi’nan jasaladi’.

Bunda ba’nttin’ son’i’ndag’i’ qatarlar toli’g’i’ menen qaytalani’wi’ da, bir yaki bir neshe so’z qaytalani’wi’ da mu’mkin. Assindekton (grek asindektan baylanssi’z) yamasa da’nikerinin’ waqi’yalardi’n’ tez almasi’wi’n ko’rsetiw ushi’n birgelikli ag’zalardi’n’ yamasa ga’plerdin’ da’nikersiz qollani’li’wi’. Wol arqali’ dinamikali’q ha’reket jemisin an’latadi’.

Polisindeton – yamasa ko’p da’nekerlik (grek polisindeto -ko’p baylansli’) – ayti’lajaq so’zlerge logikali’q ha’m emotsionalli’q jaqtan di’qqat awdari’w ushi’n wolardi’ baylani’sti’ri’wshi’ da’nekerlerdin’ bir neshe ma’rte qaytalanadi’.

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис. Билим. 2009 ж. 122 б.

**II.2. S.İbragimov lirikasi'nda ko'rkem figuralardi'n' mazmung'a qatnasi'**.

Poeziya bolmi'sti'n' qanday da bir elementine subekttin' qatnasi'n bildiriwge xi'zmet yetken jag'dayda wol shayi'rdi'n' woy yeleginen wo'tip kewil tolg'ani'slari'nda ati'li'p shi'qqan bulaqqa megzeydi. Bul waqi'tta bulaqti'n' «avtori'» si'pati'nda lirikali'q qaharman ha'reketke keledi. Ha'r qanday do'retiwshi shaxs wo'z ideyalari'n beriwde «men» lirikali'q qaharmandi' qural si'pati'nda paydalani'p, usi' lirikali'q qaharmanni'n' woylari'n jetkeriwde bir qatar usi'llardan paydalanadi'. Qansha usi'llari'n qollanadi'. Bul shayi'rdi'n' wo'zine ta'n stilinin' qa'liplesiwine tu'rtki bolg'an.

S.İbragimov poeziyasi' du'nyali'q qubi'li'slarg'a, ja'miyetlik wortali'qqa filosofiyali'q ha'm didaktikali'q ko'z qaraslari'n beriw sheberligi menen bahali'. Wol usi' ideyalardi'n' beriliwinde stilistikali'q figuralardan wo'nimli paydalanadi'.

Joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey, biz bul jumi'si'mi'zda ko'rkem su'wretlew usi'llari'n mazmung'a ha'm formag'a qatnasi'na qaray bo'lip u'yrenbekshimiz. Bul bo'limde biz ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' yamasa figuralardi'n' mazmung'a qatnasi'n S.İbragimov lirikasi' mi'sali'nda ko'rip wo'temiz.

S.İbragimov lirikasi' ku'ta' ra'n'be-ra'n wonda insan ruxi'y a'lemindegi arpali'slar, du'nyag'a mu'na'sibet, ruxi'y tolg'ani'slar wo'zgeshe usi'lda beriledi. Bunday insanni'n' ishki sezimlerin beriwde shayi'r paralelizimnen ken' paydalani'p woti'radi' mi's:

Tu'ske taman ku'n ji'li'ydi', men arbani'n'
İzine yerip, u'yge qaytaman bul-

son'i'raq; ha'zir-baltam ji'n'g'i'lg'a

o'tpeydi, bul ne jani'n'ni'n' azabi' yedi..[1]

Lirikali'q qaharman wo'mirinde boli'p ati'rg'an qi'yi'nshi'li'qlardi' beriw ushi'n parallelizm usi'li'nan paydalang'an. «Arba» bul wo'mirdin' metaforasi', al baltasi' ji'n'g'i'lg'a wo'tpew, ko'pshilik jag'daylarda isi kelispegen degen ma'nisti an'lati'p keledi. Ha'zir isi ju'rispey ati'rg'ani' menen yele ku'n ji'li'ydi', men bolsam arbani'n' izine yerip jasay beremen. Yag'ni'y wo'mirim dawam yete beredi, bul ku'nler de wo'tip ketedi, -deydi lirikali'q qaharman. Shayi'r lirikali'q qaharmanni'n' bu'gingi ha'm yerten'gi ku'nin paralel qoyi'p, filosofiyali'q woy-pikirin wortag'a taslaydi'.

Shayi'r ko'binese wo'mir haqqi'nda tolg'ani'slari'n bergende paralelizim usi'li'nan paydalanadi'. Mi's:

Ko'p jollardi'n' mashg'alasi'n sheshtim,

Aldi'mdag'i' uyqi'si'z tu'nlerimdi woylayman.

Elburusti'n' yeteginde

Balali'qtag'i'

Arba menen woti'ng'a barg'an

Ku'nlerimdi woylayman.[2]

Bul jerde de shayi'r lirikali'q qaharmanni'n' balali'q ha'm son'g'i' ji'llari'n sali'sti'ri'w qanday da bir ruxi'y tu'skinlikke tu'sken, wo'mirde mashaqat ko'rgen insanni'n' obrazi'n jaratadi'. Biraq bunda wol jasi'ri'n formada yemes, ashi'q formada wo'z pikirin bayanlaydi'. Shayi'r shi'g'armada psixologiyali'q paralelizmler de qollang'an.

Bir na'rse ushi'n yekinshi bir na'rseden waz keship,

[1] Ибрагимов С. Жер менен аспан аралығы. Нөкис. Қарақалпақстан. 1990 ж. 15-бет

[2] Сонда 16-бет.

Sonday bir ma’writke kelemiz –bul jerde yendi,
Bayag’i’ waz keshken na’rsemizdi qolg’a kirgiziw,
Ushi’n qoli’mi’zdag’i’ na’rseden ju’z buri’wg’a ma’jbu’r.

Filosofiyali’q woylar ju’da’ sheber tu’rde parallel qoyi’lg’an,

Wonda insan ruxi’y a’lemi, minez qulqi’ bari’nsha ashi’p taslanadi’. Bir waqi’tlari’ waz keshken na’rsemizdi qolg’a kirgiziw ushi’n ha’zirgi qolda bar na’rseden ju’z buri’wg’a ma’jbu’rmiz. Shayi’r su’wretlegen barli’q temalar wo’mirden, ha’zirgi turmi’si’mi’zdan ali’nadi’. Shayi’r jaratqan ha’r bir obrazdan ha’r kim wo’zin ko’redi –deydi ulli’ kritik Belinskiy. Demek Ja’miyetimizde qanday waqi’yalar bolsa, wol a’lbette shayi’r yeleginen wo’tip ko’rkem bayanlanadi’:

Yendi wol jag’daylarg’a ba’rham berildi
Duri’s jollar ushi’n baslandi’ gu’res
Bu’gin ko’re almasaq yerten’gi ku’nde
Bu’gingi ku’n wo’z-wo’zinen du’zilmes.

Antitezali’q paralelizmler beriliw arqali’ shayi’r wo’zinin’ aptimizimge toli’ pikirlerin wortag’a taslaydi’. İnsanlardi’ jigerli boli’wg’a, yerten’gi ku’nin ko’re ali’wg’a ruxlandi’radi’.

Antitezalar da shayi’r shi’g’armalari’nda u’lken wazi’ypani’ atqari’p kelgen:

Menin’ qu’diretim kelmes qa’yttim,
Teris ag’i’zi’wg’a toli’ saylardi’,
Talay yesiklerden betlemey qayti’m,
Wortam tolar desem-toli’m shaypaldi’.

Bunda shayi’r «toli’m» antitezalari’n qarama-qarsi’ qoyi’w arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ ruxi’y tolg’ani’slari’n beredi.

Wo’mir joli’nan qalmaydi’,

Keshegi ku’nin’di bu’gingi,

Ku’nin’nin’ ta’rezesine saladi’,

Keshegi ku’nin’ menen bu’gingi ku’nin’di saybag’i’shlaydi’.

Shayi’r ko’binese insan wo’miri haqqi’nda pikir ju’ritedi. Woni’n’ ko’pshilik qosi’qlari’nda insanni’n’ keshegi ha’m bu’gingi ku’nin qarama-qarsi’ qoyi’w arqali’ wo’mirdin’ ma’nisi –mazmuni’n ashi’p beriwge umti’li’wi’n sezemiz.

Shayi’r ja’miyetimizdegi ha’r qi’yli’ insanlardi’n’ ha’r qi’yli’ minez-qulqi’n ashi’p beriwde de antitezadan paydalanadi’.

Adam adam boli’p qaladi’-

Organizmnin’ biologiyali’q du’zilisi jag’i’nan,

Psixofiziologiyali’q du’zilisi jag’i’nan –

Wol qayi’r-saqawatli’ yaki zuli’m boli’wi’ mu’mkin,

Wol nadan yaki dani’shpan boli’wi’ mu’mkin,

Wol ya bi’layi’raq ya wolayi’raq boli’wi’ mu’mkin.

Biraq adam si’pati’nda qaladi’,

Woni’n’ bizge mu’na’sibeti kimligin ayi’radi’.

Adam qayi’r saqawatli’ yaki zuli’m bolsa da,

Nadan yaki dani’shpan bolsada, wo ladan boli’p qaladi’.

Biz tek g’ana woni’n’ mu’na’sibetinen g’ana ayi’ri’wi’mi’z mu’mkin. Qosi’qti’n’ son’i’nda pikir ku’shireytiriledi. Yeger wol wo’zinin’ baxi’ti’n basqalardi’n’ baxi’tsi’zli’g’i’na quratug’i’n bolsa

Bul wo’z ati’ menen ataladi’.

Bizin' wog'an mu'na'sibetimiz woni' ayi'radi'.

Birinshi pikirde adamlardi'n' minez-qulqi' woni'n' bizge mu'na'sibeti kimligin ayi'rsa, yekinshi pikirde wol wo'zinin' baxi'tli' basqalardi'n' baxi'tsi'zli'g'i'na qursa, bizin' wog'an mu'na'sibetimiz woni' ayi'radi', qosi'qta pikirler parallel su'wretleniwi birge, gradatsiyada paydalani'p qosi'qti'n' ta'sirshen'ligi artti'ri'p tur. Al antitezalar shayi'rdi'n' pikirin ani'q jetkerip beriwde tiykarg'i' qural wazi'ypasi'n atqarg'an.

Danali'q bolmas yedi mi'na a'lemde,
Adamda at penen suw qosi'lmag'anda –
Du'nyani'n' quwani'shi' wo'kinishine ten',
Adamni'n' ilahiydali'q qa'siyeti usi'nnan.[1]

Bul shuwmaqta shayi'r filosofiyali'q pikirlerin beriw ushi'n «ot» ha'm «suw» «quwani'sh», «o'kinish», si'yaqli' bir-birine qarama-qarsi' so'zlerden paydalanadi'. Yen' son'i'nda shayi'r ta'repinen juwmaq jasaladi':

«adamni'n' ilahiy qa'siyeti usi'nnan»,

Shayi'r qosi'qlari'nda ayri'qsha gradatsiyani'n' a'hmiyeti u'lken. Shayi'r bul usi'ldan ta'sirshen'likti, ko'terip woqi'wshi'ni'n' di'qqati'n ayri'qsha qarati'w ushi'n paydalang'an mi's:

Na'zerin' to'men boli'p qaladi' bazda,
İsin kerisinshe ketip turadi' bazda,
Bir adamni'n' basi'nda mi'n' g'awg'a boli'p wo'tedi,
Wo'mirin' wo'mirge usamay qaladi' bazi'da.[2]

[1] Сонда 43-бет
[2] Сонда 19-бет

Shayi’r insan ruxi’y du’nyasi’n beriwdin’ sheberi. Wol bazi’da insan kewlindegi quwani’shlardi’ yaki qayg’i’lardi’ jasi’ri’n formada su’wretlese bazi’da sol hali’nda, ta’biyiy tu’rde beredi. Qosi’qta shayi’r insan wo’mirindegi qi’yi’nshi’li’qlardan tuwi’latug’i’n qapashi’li’qlardi’ a’ste-aqi’ri’n bayanlaydi’ da, qosi’qti’n’ son’i’nda bul sezimler ku’sheytiriledi. Bunda shayi’r su’wretlewdin’ klimaks usi’li’nan paydalang’an.

Sonday-aq shayi’r lirikasi’nda su’wretlewdin’ anti klimaks usi’li’, yag’ni’y da’slep qosi’q ha’wiji menen baslani’p son’ a’ste-aqi’ri’n pa’sine qayti’w formasi’ da ushi’rasadi’.

Geyde quyashqada geyne qi’lami’z,
Nuri’n ayadi’ dep kerek waqti’nda,
Jamg’i’rlar boladi’ ma’zgil shamsi’z,
Ne ilaj, wo’z wo’miri bar ta’biyatti’n’ da.[1]

«A’miw tirishilik wo’zegi» dep atalatug’i’n qosi’g’i’nda shayi’r ta’biyat ha’diyselerin beriwde gradatsiyadan paydalanadi’. Da’slep pikir ha’wish benen baslani’p, son’-son’ pikir pa’sine qaytadi’.

Sonday-aq, shayi’r yerkin qosi’qlari’ndag’i’ gradatsiyalarg’a ayri’qsha toqtap wo’tiw za’ru’r. Woni’n’ yerkin qosi’qlari’ndag’i’ pikirler qanasi’na si’ymay atli’g’i’p shi’qqanli’qtan gradatsiyalar da ku’shli beriledi: mi’s:

Tu’sinik du’nyasi’ni’n’ tarli’g’i’,
Adamni’n’ ko’kiregin qa’peske aylandi’radi’-
Usi’nday ko’kireklerde
Jawi’zli’q,
Qi’yanet,
Qarali’q

[1] Сонда 3-бет

Woyanadi'.[1]

ha'm wolarg'a ta'biyat ta'repinen berilgen jaza qaran'g'i' qa'pesler qaran'g'i' qa'pes hali'nda tun'g'i'yi'qqa jag'aladi'..

Ayli' a'lemnin' asti'nda Shostakovichtin'

Bunday ku'shi berilgen gradatsiyalar ku'shli hawaz benen woqi'li'wdi' talap yetedi, intonatsiyada da ayri'qsha a'hmiyetke iye. Sonda g'ana qosi'qti'n' bir pu'tin mazmuni' ashi'ladi'.

S.İbragimov lirikasi', mine usi'nday wo'zine ta'n usi'llar, stil wo'zgesheligi menen ayri'li'p turadi'. Wol yerkin qosi'q formasi'nda qa'lem terbeter yeken wonda tek g'ana forma yerkinligi yemes, pikir yerkinligide sezilip turadi'. Wol «To'rt ma'wsim» ge si'ymag'ani'nday, buri'nan qa'liplesken da'stu'riy formani'n' qatan' qag'i'ydalari'n da buzi'p jiberedi, wol bul qag'i'ydalarg'a boysi'nbaydi'. Woni'n' qosi'qlari'nda so'zlerdi jaylasti'ri'w yerkinliginde wo'z aldi'na mi's:

Men bu'gin xalqi'mdi' ayayman jerdin' u'stindegi worni'n tani'y almag'an,

Diyxanshi'li'qti'n' ilimin almay turi'p jerge asi'lg'an, kim shi'rwan ushi'n, kim hamal ushi'n qara topi'raqlarda ko'kke suwi'rg'an.

Jerdin' ko'rip ati'rg'an azabi'na qol siltep wa'killerdin' aldi'nda qurday jorg'alag'an.

Apatqa barati'rg'ani'n ayti'p waqti'nda jar salg'anday ko'rgen ulari' bolmag'an,

Bilimdan ulari' bolmag'an,

Jasag'an xalqi'mdi' abaylan',

pa'msiz perzenlerinin' aldi'nda gu'n' boli'p jasag'an xalqi'mdi' ayayman.

---

[1] Сонда 26-бет.

Za’ha’rdi juta-juta tamam bolg’an topi’raq

ushi’n kim juwap beredi Du’nyani’n’ aldi’nda?

Sheberlik.[1]

Mine pikir yerkinligi, mine haqi’yqi’y sheberlik yerkin qosi’q ushi’n qosi’qti’n’ formasi’, uyqas, yamasa qag’i’ydalar a’hmiyetlisi-pikir yerkinligi .

Shayi’r da’slep wo’z pikirin toli’q beredi. Wol xalqi’n woyaaydi’. Xalqi’ni’n’ qaysi’ qatlami’n? Buni’ wol son’g’i’ qatarlar arqali’ wo’z pikirin ja’nede tasti’yi’qlaydi’.

Qosi’qta qollani’lg’an gradatsiyalar da qosi’qti’n’ ta’sirshen’ligin ta’miyinlewde ayri’qsha wazi’ypani’ atqari’p tur. S.İbragimov yerkin qosi’qlari’ni’n’ ja’ne bir xarakterli tamani’ ha’r bir qatar taza so’zden yemes, al aldi’n’g’i’ qatarda bildirilgen pikirdin’ dawami’ si’pati’nda kishkene ha’ripler menen dizilip kete beredi. Bul da inversiyani’n’ woriginal u’lgisine mi’sal bola aladi’, yaki ritorikali’q soraw qolang’anda ayri’qsha soraw qoyi’li’p woti’rg’an predmet bayanlan worni’nda keledi.

Za’ha’rdi juta-juta tamam bolg’an topi’raq

ushi’n juwap beredi Du’nyani’n’ aldi’nda?

S.İbragimov lirikasi’nda tek g’ana qosi’q qatarlari’ yemes pu’tin qosi’qti’n’ barli’g’i’ inversiya arqali’ pikirge ayri’qsha di’qqat qarati’w maqsetinde berilgeninin’ gu’wasi’ bolami’z.

Bir ulli’ quwani’sh yedi bul du’nya men yele qa’dirine jete almag’an, aspanda qarli’g’ashlari’ menen,

Shi’mshi’qlari’ menen.

Jerdi qaplag’an ko’k sho’plerdin’, samal shaqi’rg’an bag’lardi’n’ iyisine demlengen hawasi’ menen,

---

[1] Сонда 6-бет.

Ha’remde basqan su’tilmekler wo’rip ju’retug’i’n «xan qi’zlari’» menen,

Topi’raqti’n’ boyi’n jelimlenetug’i’n jawi’n qurtlari’ menen, qon’i’zlari’ menen.[1]

Bunday usi’l ko’binese da’slep pikirdin’ payda boli’wi’na tiykar bolg’an na’rseler izbe-iz beriliw arqali’ a’melge asqanda qollani’ladi’.

Uli’wma alg’anda, inversiyalar shayi’r shi’g’armalari’nda a’sirese yerkin qosi’qlari’nda wo’zine ta’n ta’rizde qollani’lg’an guwasi’ bolami’z.

Shayi’r shi’g’armalari’nda ritorikali’q soraw ha’m ritorikali’q qaratpalar da ju’da’ sheber, wo’zine ta’n tu’rde isletilgen. Ritorikali’q sorawlar ko’binese juwap talap yetilmeytug’i’n, lirikali’q qaharmanni’n’ ju’rek to’rinen atli’g’i’p shi’qqan sorawlarg’a quri’ladi’.

Sen ashi’li’spasan’ jurt ayi’pli’ma?
İynenin’ ushi’nday qara daq ushi’n.
A’lemdi qaralaw haqtan bolar ma?
Yeger tarqalmasa tu’nnen quri’si’n.[2]

Bunda lirikali’q qaharmanni’n’ wo’z-wo’zine mu’ra’jeti berilgen. Bazi’da sonday jag’daylar boladi’, insan wo’zinen ju’rek bawri’n yezip ju’rgen sorawlardi’ to’gip saladi’. Wol bul sorawlardi’ kimnendur yemes, wo’zinen soraydi’.

Sonday-ay, S.İbragimov lirikasi’nda ritorikali’q soraw formasi’ni’n’ soraw qoyi’lmag’an formasi’ da ushi’rasadi’:

Tu’sindir ne ushi’n toli’ ten’izler,
Ilay suwdi’ iship ti’ni’q muddasi’l,
Nege pa’shek gu’ldey ba’lentti go’zler,

[1] Сонда 6-бет.
[2] Сонда 13-бет.

Woshaqti’n’ quwi’si’ni’n’ filosofiyasi’.

Tu’sindir topi’raqqa wot qoymayi’n men,
Woshaqti’n’ basi’ da kerek adamg’a,
Jerden zerin’ parqi’n’ ayi’rg’an menen,
Joldi’ ju’re biliw bir qi’yi’n nama.
Qandayda bir ruwxi’y azapqa ushi’rag’an.[1]

Qosi’qta lirikali’q qaharmanni’n’ ishki-da’rt keshirmeleri kewlindegi arpali’slari’n wo’z-o’zine soraw beriw arqali’ bildiredi woni’n’ ushi’n ha’mme na’rse tu’siniksizdey, wol juwapsi’z na’rselerge soraw izleydi.

Ritorikali’q qaratpalar da shayi’r shi’g’armalari’nda pikirge ayri’qsha di’qqat qarati’w ushi’n qollang’an.

Ne bar yedi, A’miw, sennen uli’g’war?!
Sen sheshe almaysan’ wo’z ta’g’dirin’di,
Sen ushi’n juwapker usi’ adamlar,
Senin’ suwi’q menin’ ko’rgen a’lemdi.[2]

Shayi’r bizin’ tirishilik deregimiz bolg’an A’miw da’ryani’n’ ta’g’diyri ushi’n ku’yip janadi’. Shayi’r bul arqali’ adamlarg’a shaqi’ri’q taslaydi’. A’miw ushi’n ha’r birimiz juwapker yekenligimizdi uqti’radi’, keshegi ku’nin umi’tpawg’a tirishiligimizdin’ wo’zegi yekenin aytadi’.

Jani’ boy taslaysan’! Biypayda. Ku’ter
Bayag’i’ degershik,
Yad bolg’an jollar.
Sol quwi’s-qolti’qlar. Tani’s izzetler.

[1] Сонда 9-бет.
[2] Сонда 4-бет.

(yeki ayag'i' bar yeki qoli' bar).

İynin'di juli'p jep shi'dap bag'asan',

Qabi'rg'an' si'rlasi'n. Wo'zin'nen bezip,

Ta'g'dirin'nen bezip qayda barasan'!

Seni pa'mler jan jaq, sezimlerin ju'k.[1]

S.İbragimov lirikasi'nda apposiopezalar da pikirdi ko'rkem bayanlaw ushi'n xi'zmet yetkenligin ko'riwimizge boladi'. Shayi'r shi'g'armalari'n apposiopezalar.

1. lirikali'q qaharmanni'n' ritorikali'q qaratpasi'n berip, qosi'qta lirikali'q sheginis jasawg'a jol ashi'p beriw ushi'n jumsaladi':

Aspanda gu'na' ne? jerde ne jazi'q?

ko'kiregin qi'ssa-

hawa biymillet,

qamaqqa si'yadi' bunsha kina'zilik?

Aspanlay berersen'

Jutadi' tu'nek.[2]

2. Ayti'lajaq pikirge emotsionalli'q bag'i'shlaw ushi'n qollani'ladi'.

Qoli'n shoshaytpag'a jaraydi' bul jurt..

Shar tompayg'an sayi'n quwang'an bala.

Bilmeydi ha'zir ne bolari'n.

Ku't, ku't..

wo'mir wo'zgeredi yashulli'larg'a.[3]

[1] Сонда 13-бет.
[2] Сонда 15-бет.
[3] Сонда 14-бет.

3. Ayti’lajaq pikirdi ayta almawli’g’i’ sebepli, yag’ni’y lirikali’q qaharmanni’n’ xalati’n su’wretlendiriwde qollanadi’.

Bir worami’ ketti tog’i’z arami’n,

Qayri’lma arti’n’a, g’aybar perzentim…

Za’ha’rge tolti’rdi’n’ ishin atanni’n’,

G’arri’ tulpardi’ bir qi’yna perzentim.

4) pikirdin’ ayti’li’p bolg’ani’n, lekin woni’n’ astari’nda sol arqali’ ayti’lajaq ko’p woydi’n’ bar yekenligine woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n qarati’w ushi’n:

Mine ko’p na’rseler joli’mnan qaldi’rdi’ ko’p jag’daylarda

ko’p g’ana na’rseler

waqti’nda baralmadi’m waqti’nda bari’wi’m kerek jerlerge.

Lirikali’q qaharman wo’z wo’miri joli’n awi’r qi’ynali’w menen bayanlaydi’. Waqti’nda baralmadi’m bari’wi’m kerek jerlerge dep wo’miri dawami’nda keshikken u’lgere almag’an sezimlerin qamsi’g’i’w menen tilge aladi’. Shayi’r shi’g’armalari’nda simplona da sheber tu’rde isletilgen. Mi’s:

Ko’p g’ana men ku’tken ha’diyseler waqti’nda ju’z beredi.

Ju’z bermedi waqti’nda ko’p g’ana men ku’tken ha’diyseler.[1]

S.İbragimov lirikasi’ni’n’ xarakterli ta’repi insan psixologizmin sheber ashi’p bere ali’wi’nda. Woni’n’ qaharmanlari’ wo’z wo’mirine narazi’, ko’p na’rselerden ayri’lg’an wo’mir atalmi’sh soqpaqta wo’z worni’ bar biraq ne ushi’n jasap ju’rgenin tu’sinbeytug’i’n ruwxi’y jarli’ adamlar.

A’zzillerdin’ wo’zlerinin’ usi’ a’zziligin

Qi’li’sh ha’m qalqan yetip ko’teriwge

[1] Ибрагимов С. Жер менен аспан аралығында. Нөкис. 1990 ж.

Uri’ni’wlari’n ko’rip qi’ynalg’ani’nda
Men sizlerdi yesleymen,
Yuriy Valektinovich,
Qaysi’n Shuvaevich,
Dinora Kuldashevna,
Sizlerdi yesleymen.[1]

Shayi’r du’nyada ha’mme na’rsege jani’ ashi’wi’. Bul du’nyani’n’ tu’sinispetug’i’n si’rlari’ ko’ptey wol ushi’n. Wol bul ushi’n du’nyadag’i’ aqi’li’ sayi’zlarg’a da qi’ynaladi’.

Ruwxi’y jarli’larg’a da, a’zzi insanlarda woni’n’ itibari’nan shette yemes.

Ulli’ rus jazi’wshi’lari’ wolardi’n’ shi’g’armalari’, kino rejissiorlar wolardi’n’ do’retken obrazlari’ woni’n’ jani’na shi’pa bere alatug’i’n aytadi’.

Simplona usi’li’ a’ne usi’nday shayi’rdi’n’ ruxi’y terbenislerinin’ na’tiyjesinde ju’zege keledi:

Bir ku’n yemes bir ku’n men wo’zimnin’ ismimdi umi’taman qaysi’ yelatli’ punkte jasap woti’rg’ani’mdi’ yerten’ge qoyg’an jumi’slari’mdi’, kimge qari’zdarli’g’i’mdi’, kimnin’ mag’an qari’zdarli’g’i’n.[2]

Wol bul usi’ldan ta’sirshenlikti yele de asi’ri’w, pikirge emotsionalli’q bag’i’shlaw ushi’n paydalanadi’.

Ten’iz shaqi’radi’ meni. Balali’g’i’mdag’i’
aybi’qa’ddim ten’iz shaqi’radi’.
Wol waqi’tlari’
ha’zir ku’nge quwrap ati’rg’an

[1] Сонда 25-бет.
[2] Сонда 44-бет.

kemeler suwda yedi.[1]

Shayi'r Aral ten'izinin' awi'r tag'dirin beriw ushi'n simplonadan paydalang'an. Biraq balali'q da'wirinde toli'p turatug'i'n ten'izdin' bu'gingi ku'nge kelip nelikten joq boli'p ketkenligin yeslep nali'nadi'. Woni'n' nali'wlari' tek wo'zinin' nalalari' yemes, al pu'tin bir ja'miyettin' nalalari'nday seziledi.

Biz bul bapta a'ne usi'nday ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' mazmung'a qatnasi' boyi'nsha ajralatug'i'n tu'rlerin S.İbragimov lirikasi' mi'sali'nda ko'rip shi'qti'q.

Uli'wmalasti'ri'p aytqanda ko'rkem su'wretlew usi'llari' bolg'an parallelizm, antiteza, gradatsiya, inversiya, ritorikali'q soraw, ritorikali'q qaratpa ko'rkemlikti ta'minlep qoymay, shi'g'armada jetkerip beriwdi de ta'miyinleydi.

## II.3. S.İbragimov lirikasi'nda figuralardi'n' qosi'q quri'li'si'n sho'lkemlestiriwdegi a'hmiyeti.

Qosi'q quri'li'si' elementleri yesaplang'an wo'lshem, ba'nt, i'rg'aq ha'm uyqas qosi'qti'n' si'rtqi' forma wo'zgesheliklerinin' tiykari' boli'p yesaplanadi'. Irg'aq ha'miyshe qosi'qtag'i' u'ylesimlik, muzikali'li'qtan kelip shi'g'adi'. Bul uylesimlik uyqas qosi'qti'n' si'rtqi' forma wo'zgesheliklerinin' tiykari' boli'p yesaplanadi'. Irg'aq uyqas ha'm wo'lshem birliginin' qatnasi'nda ju'zege keledi. Usi' uyqas ha'm wo'lshem birliktin' birliginen du'zilgen forma belgili bir juwmaqlawshi' ideyani' jetkeriwde qatarlarg'a jaylasti'ri'ladi'. Woy-pikirdi neshe qatarda beriw ha'r

[1] Сонда 21-бет.

bir so’z sheberinin’ ko’rkemlik izlenislerine baylani’sli’ kelmeytug’i’n protsess boli’p tabi’ladi’. Mine, usi’ to’rt element birigip pu’tin bir qosi’qta ha’r tu’rli formada sap ha’m aralas tu’rinde qollani’li’p, uli’wmali’q ideyani’ ha’m janrli’q wo’zgeshelikti payda yetedi. Sonli’qtan bul birliklerdin’ pu’tin bir qosi’q dawami’nda bir worayg’a u’ylesip, sho’lkemlesiwi kompozitsiyali’q pu’tinlikti payda yetedi. Qosi’qti’n’ kompozitsiyali’q pu’tinligi juwmaqlang’anli’g’i’n ta’miyinlewde forma elementleri de wo’nimli qatnasadi’. Solardi’n’ biri redif qosi’qti’n’ kompozitsiyali’q birligin ta’minlewde qatnasadi’.

S.İbragimov lirikasi’nda ko’binshe qatarli’q rediflerdi ushi’ratti’q.

Woni’n’ qosi’qlari’nda redifler ayri’qsha wazi’ypalardi’ atqaradi’:

Aynalg’i’m keledi quyash nuri’ menen g’ana
Baylang’an alma ag’ashi’na
Bul aqsham..
Sag’an qayi’rxomli’qlardi’ uyi’qlaydi’ bul aqsham,
Sag’an juldi’zi’ qarsi’lar da uyi’qlaydi’ bul aqsham,
Sen to’sekke jetip qulawg’a asi’g’i’p kiyati’rg’an bul aqsham

Bul mi’saldi’ qatar sani’nda «bul aqsham» redifi qollani’lg’an lirikali’q qaharman bul a’kemnen sonshelli bezgen bul aqsham.

Shayi’r bul pikirin jetkeriw antiteza usi’li’nan paydalanadi’ (qayi’rqomli’qlar, juldi’zi’ qarsi’lar) bul arqali’ qosi’qti’n’ toli’q ma’nisi ashi’ladi’. Redifti qollani’w ha’r qanday shayi’rdi’n’ ayri’qsha sheberlikti talap yetedi, sebebi redif xi’zmetin atqari’wshi’ ta’kirarlang’an so’zlerde mazmun salmag’i’ ja’mlengen boli’wi’ sha’rt.

Elbrusti’n’ yeteginde ko’p na’rselerdi woylayman,

Qara jerdin’ u’stindegi bul wo’mirde

Frants Kafkanni’n’ qalay tu’singenin woylayman

Qag’azg’a tu’sken suwi’q gewishlerdi woylayman.

Wo’mirimnin’ jubani’shi’ ta’replerin woylayman

Wo’mirimde «Bolsa yedi» deytug’i’n na’rselerimdi woylayman.[1]

Jerdin’ betinde ko’p g’ana ha’siretlerden wo’mirimnin’ aman yekenligin woylayman.

S.İbragimovti’n’ lirikalari’nda redifler ko’rkem mazmunni’n’ jetekshilik ku’shine bag’i’ndi’ri’ladi’. Ta’riyiplewshinin’ yaki belgili bir ha’diyse, waqi’yani’ mazmun ju’klengen ayri’qsha belgileri lirikali’q qaharmanni’n’ a’tirapi’ndag’i’ qubi’li’slarg’a bolg’an ko’z-qaraslari’ pikirleri, su’yenishleri, ku’yinishleri ya bolmasa biykarlawlari’, tan’lani’wlari’ qosi’q qatarlari’n da redif si’pati’nda wori’n aladi’.

Ba’ntlik redifler ha’r bir ba’nttin’ sani’nda bir qi’yli’ so’z yamasa so’zlerdin’ qaytalani’wi’nan jasaladi’. Bunda ba’nttin’ sani’ndag’i’ qatarlar toli’g’i’ menen qaytalani’wi’

Buwdaq-buwdan shoq qaladi’

Arba jolda..

Ko’pten berli arbani’n’ do’n’gelegi

Tiymegen dan’g’i’l jolda.

Ati’ni’n’ tuyag’i’ neken-sayaq

Tiyetug’i’n gu’zar jolda.

Buwdaq-buwdaq shan’ qaladi’ arba jolda.[2]

---

[1] Сонда 15-бет.

[2] Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис. Қарақалпақстан. 6-бет.

Jasali’p insan wo’mirinen jolg’a uqsati’p insan wo’mirinin’ bir tegis yekenligin ko’rkem bayanlawda ta’sirshen’ligin yelede arti’ri’w ushi’n qollandi’.

Lirikali’q qaharman xarakteri wo’mirdegi ayri’m qubi’li’slarg’a si’n ko’z-qaras jollari’ndag’i’ ha’diyseler menen sali’sti’ri’p, shan’g’a batqan boyanlar suwlar ha’m dan’g’i’l joldi’n’ qubi’li’wlari’n su’wretleydi.

Shayi’rdi’n’ «seni yurmalarmanlardan qaytqan joldag’i’» qosi’g’i’ da toli’g’i’ menen ba’ntlik redifke mi’sal bola aladi’.

Men sahradan keldim, sen Elbrustan,
Bul tik minezimnin’ qi’li’sh qi’ndag’i’,
Bir wo’mir kewlimnen joyta almaspan,
Seni, yurmanlardan qaytqan joldag’i’.
Bazi’da tu’sinikler qayshi’lasadi’,
Bir dasti’qqa qoyg’an baslar jumbaqlar
Ruwxi’m, sheshilip tu’sken satti’n’,
Seni, yurmanlardan qaytqan joldag’i’.[1]

S.İbragimov tek qosi’qti’n’ ta’sirshen’ligin ta’minlep g’ana qoymay, bizge bir si’rdi’ to’gip salmaqshi’day tu’yiledi, bul na’rse haqqi’nda ayri’qsha pikir woy taslaydi’ yurmalardan qaytqan joldag’i’ qandayda bir umi’ti’lmas waqi’yani’ bildiriw ushi’n shayi’r rediften paydalanadi’. Aliteratsiyalar shayi’r shi’g’armalari’nda ku’ta’ sheberlik penen isletilgen. S.İbragimovti’n’ shayi’rdi’n’ sheberligi sonda, wol ha’r bir so’zge islew beredi mi’s:

wo’mirimnin’ jarti’si’ni’n’ jarti’si’ni’n’ jarti’si’

qalg’anda woylanaman men yele, ayag’i’mni’n asti’ndag’i’ topi’raq ji’li’si’p barati’rg’anda woylanaman.[1]

[1] Ибрагимов С. Далалар. Нөкис. Қарақалпақстан. 1982. 3 б.

Qosi’qta berilgen lirikali’q qaharmanni’n’ ko’kirek toli’ i’zasi’, wo’kinish sezimleri filosofiyali’q woylar menen birigip ketken alitiratsiyalar arqali’ shayi’r wo’zinin’ sezimlerin teren’ ashi’p beriwge yeristi.

ja’nede:

Quwradi’ daqi’llar, quwradi’ bag’lar,
Quwradi’ shar suwdi’ iship adamlar,
So’ylep boldi’ suli’w soqi’r ali’mlar,
Yendi sizler so’ylen’ ja’briw-japalar[2]

Mi’salda qollani’lg’an «S» sesinen baslanatug’i’n aliteratsiyalar qosi’qti’n’ ko’rkemligin ja’ne de asi’ri’p tur.

Sonday-aq «ja’briw-japalar» («J» sesi) qatar qollani’li’p, alliteratsiya xi’zmetinde kelgen, ja’nede qosi’qta qollani’lg’an qaytalawlar pikirge ayri’qsha ma’ni ju’kleydi. Wol arqali’ shayi’r ekologiyali’q mashqalalar sebepli yelimizde kem-kem ha’mme na’rsenin’ quwrap barati’rg’anli’g’i’n obrazli’ bayanlaydi’. Aliteratsiyalar tek g’ana seslerdin’ birdey ta’kirarlani’wshi’ qollanbay, al qosi’qta ayri’qsha mazmun bag’i’shlaydi’:

Aq shug’lali’ toplar boli’p taqati’mdi’ tawi’spa,
Arzi’wi’mdi’ dolan bu’gin aq ma’rmerden qoshali’p,
Lipasi’n’di’ serpip taslap boy ko’rsetken jag’i’stan,
Ashi’lajaq g’umsha kibi ra’n’lerde jasani’p.[3]

Bul mi’salda qollani’lg’an «t» sesinin’ ta’kirarlani’wi’nan jasalg’an aliteratsiyalar qosi’qta ayri’qsha ko’rkemlik beriw menen birge belgili bir ma’nisti de atqarg’an. Sonday-aq qosi’qta «a» sesinen quralg’an assonans ta

---

[1] Ибрагимов С. Жер менен аспан арасында. Нөкис. Қарақалпақстан. 1990 ж. 17-бет.
[2] Сонда. 5-бет.
[3] Сонда 51-бет.

qatnasti’ri’ladi’. «aq shuqlali’, arzi’wi’m, aq ma’rmer, ashi’lajaq» assonanslar da qosi’qti’n’ ko’rkemlikligin ayri’qsha ta’minlep tur.

Assonslar da alliteratsiya si’yaqli’ qosi’qti’n’ ko’rkemligin ta’miyinleydi. Biraq wolar qosi’qta alliteratsiyag’a qarag’anda wo’nimsiz qollani’ldi’. Mi’s:

Men ku’tpegen waqi’tlari’ wo’mirime kirdi wolar
Men u’mitimdi u’zgen waqi’tlari’
wo’jireme kirdi wolar.[1]

Qosi’qta qollani’lg’an «u’» sesinen jasalg’an assons penen birge antiteza redifler bir pu’tin boli’p birlesip qosi’qti’n’ ko’rkemligin yele de asi’ri’p tur. Al mi’na qosi’g’i’nda:

Wo’mir wo’tip ati’r, wotag’asi’lar.
Yet qashi’p jupti’n’ni’n’ bileklerinen,
Ziyba barmaqlardan ju’zik si’pqanar!
ba’ri ku’ni keshe… (tu’n qashi’q tu’nnen..)[2]

Shayi’r wo’z qosi’qlari’nda wo’mir haqqi’nda filosofiyali’q woylari’n ko’birek ji’rlaydi’. Woni’n’ lirikali’q qaharman wo’mirinin’ tez wo’tip barati’rg’ani’na qatti’ qamsi’g’adi’. Wol hesh na’rsege u’lgere almay qaladi’. Woni’n’ ko’kiregi sonshelli ken’, wol yele de bul wo’mirdin’ barli’q si’r sandi’qlari’n ashi’p ko’rgisi keledi. Biraq waqi’t pursat bermeydi. Anaforalar arqali’ shayi’r yerkin qosi’qlari’nda ha’r bir qatarda taza pikirdin’ berilgenligin bildiriw ushi’n qollang’an:

Tariyx-bul qaysi’ bir waqi’tlari’ boli’p wo’tken
Tariyx-bul bizin’ bu’gingi ku’nge qatnasi’mi’z.

[1] Сонда 19-бет.
[2] Сонда 14-бет.

Tariyx-bul bizin’ yerten’gi ku’nge shaqi’ri’g’i’mi’z.[1]

Bunda tariyx bul anaforasi’ni’n’ qollani’li’wi’ arqali’ ha’r bir qatarda tariyqqa insanlardi’n’ ha’r qi’yli’ mu’na’sibeti beriledi. Pikirler kontrastqa qoyi’li’w arqali’ qosi’qti’n’ mazmuni’ ashi’ladi’.

Sonday-aq, ayri’qsha ta’sirshen’likti artti’ri’w ushi’n da qollang’an.

Saysi’z woylar qurtti’ teren’ suwlardi’,
Saysi’z woylar bizdi pa’ske tu’sirdi.[2]

Da’slepki qatarda pikir berilip, woni’n’ beriw ushi’n da anaforalar sheber qollang’an.

Meni si’ydi’ratug’i’n aq sarayi’mni’n’
biraq keregi ne sonsha sha’wkettin’
el-xalqi’m bolmasa bawi’ri’ pu’tin,
el-xalqi’m bolmasa du’ziw si’layi’[3]

yamasa:
Da’hshet -da’wlet qusi’n i’raqtan ku’tken
da’hshet –sarpay ku’tip keshirilgen hayat-
o’zinin’ ko’kiregin’ bolsi’n ma’rteben’
ko’kireginde bolsi’n shahapa i’qti’qat.[4]

Da’wir haqqi’nda, wo’mir haqqi’nda jazg’anda shayi’r wo’zinin’ ishki-sezimlerin sag’an qari’sti’ri’p jiberedi shayi’r ushi’n ma’rtebe, ataq

---
[1] Сонда 24-бет.
[2] Сонда 5-бет.
[3] Сонда 10-бет.
[4] Сонда 14-бет.

abi’roydi’n’ keregi joq woni’n’ ushi’n tiykari’nan insan kewli suli’w boli’wi’ kerek. Wol bul illetlerdi ayri’m iplasli’qlardan da qorqi’ni’shli’law na’rse dep yesaplaydi’. Woni’n’ kontseptsiyasi’ insan wo’zligin an’law ushi’n wo’z hali’nda qali’wi’ kerek.

Da’wir wo’zinen burqasi’nlari’nda,
Shi’ni’qti’radi’ wo’z qaharmanlari’n
Sonda wolar yerten’gi ku’ndi ko’re aladi’,
Sonda wolar xali’qti’n’ tu’sinik du’nyasi’,
Jan’a basqi’shlarg’a ko’tere aladi’.[1]

«Sonda wolar» anaforasi’n qollani’w arqali’ shayi’r wo’z pikirin yelede tasti’yi’qlan’qi’rap qoydi’.

Jaqsi’li’qqa miyasar adamg’a
Jaqsi’li’q yetiw bar,
Jaqsi’li’qqa miyasar yemes adamg’a
Jaqsi’li’q yetiw bar.

Bunda «jaqsi’li’q» so’zin ha’r qatar basi’nda qollani’w arqali’ pikirler kontrastqa qoyi’li’p su’wretlengen.

Jaqsi’li’qqa mu’na’sip adamg’a a’lbette jaqsi’li’qlar yetiledi, jaqsi’li’qlar yetiledi, jaqsi’li’qqa mu’na’sip yemes adamg’a da jaqsi’li’qlar biymillet yetile beredi degen filosofiyali’q ma’ni bar bunda wondag’i’ lirikali’q qaharman filosofiyali’q mazmunni’n’ teren’nen ug’i’ni’wg’a sol woy-pikirlerin basqalarg’a da tu’sindiriwge sezdiriwge ti’ri’sadi’. Lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimlerindegi usi’ si’pattag’i’ tu’siniklerdi avtor turmi’sqa, realistlik obektivlikke ta’n bolg’an qarama-qarsi’li’qlar, konfliktler

[1] Сонда. 25-бет.

menen ashi’p beriwge, geyde kontrastli’q usi’llarg’a, bazda afforistlik pikirler ayti’wg’a yerisedi. Mine bular talantli’ shayi’r filosofiyali’q lirikasi’ni’n’ negizgi wo’zegin quraydi’ desek boladi’.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda, biz bul bo’limde shayi’r S.İbragimovti’n’ qosi’qlari’ndag’i’ ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ formag’a qatnasi’n u’yrenip shi’qti’q. Pikir ta’sirshen’ligin ta’minlewde, qosi’qti’n’ ko’rkemligin asi’ri’wda, uyqas, i’rg’aq ma’selelerinde wolardi’n’ shi’g’armada ayri’qsha xi’zmet atqaratug’i’nli’g’i’n da’lillewge ha’reket yettik.

## Juwmaq

Lirikali’q insanni’n’ sezim-tuwg’i’lari’n, ruwxi’y keshirmelerin sa’wlelendiredi, ha’r qanday jaqsi’ qosi’qti’n’ mazmuni’nda wo’zinin’ quwani’sh ha’m ta’shwishleri, qayg’i’-da’rt ha’m shadli’qlari’ menen insan turadi’. Shayi’rlari’mi’zdi’n’ insan ruwxi’y a’lemi qubi’li’slari’n ko’rkem emotsional sa’wlelendiriwge bolg’an umti’li’wlari’ni’n’ na’tiyjesinde qaraqalpaq lirikasi’ formali’q ha’m mazmunli’q jaqtan a’dewir jetiskenliklerge iye boldi’. Poeziyada bunday qubi’li’slar, a’sirese, XX a’sirdin’ son’g’i’ sheregine tuwri’ keledi. Hesh kimge si’r yemes, totalitar du’zim ja’miyettin’ de uzaq ji’llar dawami’nda a’debiyatti’n’ u’stinen partiyali’q qadag’alaw hu’kim su’rip keldi. Jazi’wshi’ ha’m shayi’rdi’n’ do’retiwshilik yerkinligine jol qoyi’lmadi’. Degen menen usi’nday sha’rayatta da haqi’yqi’y so’z sheberi xali’qti’n’ estetikali’q tolg’ami’na say shi’g’armalar do’retip keledi. Usi’nday talant iyelerinin’ xi’zmeti na’tiyjesinde XX-a’sirdin’ 80-ji’llari’nda qaraqalpaq poeziyasi’ ayri’qsha rawajlani’w basqi’shi’na qa’dem qoydi’. Poeziyani’n’ bundats da’rejege yerisiwi shayi’rlar İ.Yusupov, T.Ma’tmuratov, Sh.Seyitov, K.Raxmanov, J.İzbasqanov, S.İbragimov, B.Genjemuratov, T.Sa’rsenbaev ha’m basqalardi’n’ ko’rkemlik izlenislerinin’ na’tiyjesi yedi. Wolar ha’r qi’yli’ formalar, woy-pikiridi beriwdin’ tu’rli usi’llari’n paydalana woti’ri’p, ko’rkemligi joqari’, insan xarakterin ashi’p beretug’i’n, a’dep ikramli’q normalari’n so’z yetetug’i’n, ja’miyetlik problemalardi’ bati’l sa’wlelendiretug’i’n qosi’qlar do’retti.

Biz bul pitkeriw-qa’nigelik jumi’si’mi’zda S.İbragimovti’n’ wo’zine ta’n stilin, so’z tan’law sheberligin analizledik. S.İbragimovti’n’ do’retiwshiligi wo’z qa’lesleslerinen wo’zinesheligi, ta’kirarlanbas qol tanbas menen

ayi’ri’li’p turadi’. Shayi’r ko’pshilik shi’g’armalari’n aq qosi’q, verlibr formasi’nda jazadi’. Woni’n’ bunday jan’a formadag’i’ qosi’qlari’nda zaman shi’nli’g’i’n, da’wir ko’rinisin sa’wlelendiriwi, ideyali’q naqma-naqli’gi’ menen birge qaraqalpaq tilinin’ teren’ bayli’g’i’na a’sirese ko’rkem so’zdin’ tu’rli qubi’li’wlari’na iye boli’p yesaplanadi’. Qosi’qlarda ko’rkemliliktin’ sha’rtleri bolg’an su’wretlew qurallari’ ha’m usi’llari’ pikirdin’ obrazli’g’i’n, mazmuni’ni’n’ emotsional ta’sirshen’ligin ta’minlewde ayri’qsha xi’zmet atqaradi’.

Biz pitkeriw qa’nigelik jumi’si’mi’zda shayi’r usi’nday ko’rkemlew qurallari’ ha’m usi’llari’ni’n’ xi’zmetin analizlewge ha’reket yettik. Ko’rkem swu’retlew qurallari’ni’n’ uli’wma teoriyali’q ma’seleleri, wolardi’n’ qollani’w wo’zgeshelikleri tuwrali’ a’debiyattani’w iliminde teren’ ha’m ken’ ilimiy tu’sinikler islep shi’g’i’lg’an. Ko’rkemlew qurallari’ ha’m usi’llari’ni’n’ teoriyali’q tiykarlari’n basshi’li’qqa alg’an halda woni’n’ ko’rkem shi’g’armadan a’hmiyetin shayi’r shi’g’armalari’ tiykari’nda u’yrene woti’ri’p. Wo’z pikir ha’m ko’z-qaraslari’mi’zdi’ bildirdik. S.İbragimov lirikasi’nda ko’rkemlew qurallari’ mazmundi’ emotsional jetkeriw, pikir obrazli’g’i’n ta’minlew ushi’n qollani’ladi’. Shayi’r qosi’qlari’nda qosi’qti’n’ ko’rkemligine ayri’qsha itibar berip, ha’r bir so’zge wo’z aldi’na poetikali’q ma’ni ju’kleydi. Shayi’r lirikasi’nda ko’rkemlew quri’llari’ni’n’ ten’ew, metafora, metanimiya, sinikdoxa, giperbola, litota, janlandi’ri’w, ironiya ha’m basqa da tu’rleri isletilgen.

Shayi’r pikirdin’ ko’rkemligin, emotsional ta’sir shekligin ta’minlew maksetinde su’wretlew usi’llari’nan da uti’mli’ paydalanadi’. Parallelizm, antiteza, inversiya, gradatsiya, redif, alliteratsiya, assanans, anafora h.t.b stilistikali’q figuralardi’ qollani’w arqali’ ko’rkemlik na’tiyjege yerisedi. Biz

jumi’si’mi’zdi’n’ yekinshi babi’nda usi’ ma’selelerdi qarasti’rdi’q. Bul bap tiykari’nan 3 bo’limnen ibarat boli’p.

Birinshi bo’limde ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ teoriyali’q tiykarlari’na qi’sqasha toqtap wo’ttik.

Yekinshi bo’limde ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ mazmung’a qatnasi’ ma’selesin shayi’r S.İbragimov mi’sali’nda ko’rip wo’ttik.

U’shinshi bo’limde ko’rkem figuralardi’n’ formag’a qatnasi’n analizlewge ha’reket yettik.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda S.İbragimov lirikasi’nda woy-pikirdi beriwdin’ poetikali’q obrazdi’ sa’wlelendiriwdin’ ha’r tu’rli usi’llari’ qollani’ladi’. Bulardi’n’ ba’rin de shayi’r bir poetikali’q maqsetke-pikirdin’ obrazli’g’i’n ta’minlewge qaratadi’. Ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m usi’llari’ shayi’r do’retpelerine ayri’qsha ko’rkemlik bag’i’shlaydi’.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar


1. Абрамович Г.Л. Введение в литературоведение. Москва. Учпидгиз. 1961.

2. Ахметов З. Өлең сөздиң теориясы. Алма-Ата. Мектеп. 1973.

3. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирмели сөзлиги. Нөкис. Билим. 1994.

4. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент. Ўзбекистон, 2002.

5. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис. Билим. 1997.

6. Генжемуратов Б. Поэзия бул-иләҳий дүнья. Әмиўдәрья. 1991. №11.

7. Ғаррыев Б. Магтумгулы. Ашгабат. «Ылым» 1975. 189 б.

8. Гайлиев О. Ҳозирги қорақалпоқ шериятида оралиқ шаклларнинг жанр ва шаклий хусусиятлари. (1970-2000 йиллардаги эркин шер ва насрий шерлар мисолида) Фил.фан.ном.дис.автореф.Нукус-2006.

9. Гайлиева О. С.Ибрагимов ҳ Г.Азизов поэзиясында типологиялық уқсаслықлар-Ҳәзирги филология илимлериниң әҳмийетли мәселелери. Нөкис, 2011. 157-161-бетлер.

10. Ибрагимов С. Далалар. Нөкис «Қарақалпақстан». 1982.

11. Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис. Қарақалпақстан. 1986.

12. Ибрагимов С. Жер менен аспанның аралығында. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1990.

13. Иззат Султан. Адабиёт назарияси. Тошкент. Ўқитувчи. 1980.

14. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. Нөкис. Билим. 1995.

15. Карибаева Б. Казирги қазақ лирикасының поэтикасы. Алма-Ата. Жазыўшы. 1988.

16. Квятковский А. Поэтический словарь. Москва. Советская энциклопедия. 1966.

17. Мәмбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. Нөкис. Қарақалпақстан. 1995.

18. Мәмбетниязов Т. Қосық жазыў аңсат емес. Әмиўдәрья. 1991. №11.

19. Медетов Н. Бешинчи мавсум. «Туркмен Гундагари» газетаси. 1997. 15-февраль

20. Нуржанов П. Верливр ҳаққында ойлар. Әмиўдәрья. 1990. №4.

21. Мақсетов Қ. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары поэтикасы. Тошкент. 1965.